# LELAKONING PARAGATAMA INGKANG NYALAWADI WONTEN ING NOVEL *KADURAKAN ING KIDUL DRINGU* ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA

**(kanthi *Pendekatan Sosiologi Sastra*)**

**SKRIPSI**

Kaaturaken Dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Syarat
minangka Srana Nggayuh *Gelar Sarjana Pendidikan*


**dening**

**Estri Wiji Asih**

**NIM 10205244019**


**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA**
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**
**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**
**2014**

**PASARUJUKAN**

Skripsi kanthi irah-irahan *"Lelakoning Paragatama ingkang Nyalawadi wonten ing Novel Kadurakan ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata (kanthi Pendekatan Sosiologi Sastra)"* menika sampun pikantuk palilah saking *dosen pembimbing* kangge dipunujekaken.

Yogyakarta, 2 Juni 2014

Pembimbing,

Dr. Suwardi Endraswara, M.Hum
NIP 19640403 199001 1 004

## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan irahan *"Lelakoning Paragatama ingkang Nyalawadi wonten ing Novel Kadurakan ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata (kanthi Pendekatan Sosiologi Sastra)"* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 1 Juli 2014 saha dipuntetepaken lulus.

***DEWAN PENGUJI***

| Asma | Jabatan | Tapak Asma | Tanggal |
| --- | --- | --- | --- |
| 1. Drs. Hardiyanto, M.Hum | Ketua Penguji | | 8 Juli 2014 |
| 2. Avi Meilawati, S.Pd., M.A. | Sekretaris Penguji | | 8 Juli 2014 |
| 3. Dr. Purwadi, M.Hum | Penguji Utama | | 7 Juli 2014 |
| 4. Dr. Suwardi Endraswara, M.Hum | Penguji Pendamping | | 7 Juli 2014 |

Yogyakarta, 10 Juli 2014

Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
NIP 19550505 198011 1 001

**WEDHARAN**

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **ESTRI WIJI ASIH**

NIM : 10205244019

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Yogyakarta

Ngandharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Samangertos kula, skripsi menika wosipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi ing perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* adhedhasar tata cara saha *etika* panyeratipun.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi ing kasunyatanipun wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 2 Juni 2014

Panyerat,

Estri Wiji Asih

## SESANTI

*Sing temen bakal tinemu.*
*(anonim)*

*Aja golek wah, mengko dadi wo.*
*(anonim)*

## PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Gusti Allah, skripsi menika kula aturaken minangka pisungsung dhumateng Bapak saha Ibu ingkang tansah paring donga pangestu saha panyengkuyung satemah tugas akhir menika saged karampungaken.

# PRAWACANA

Puji sukur konjuk dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Asih, namung krana berkahipun satemah skripsi kanthi irah-irahan *"Lelakoning Paragatama ingkang Nyalawadi wonten ing Novel Kadurakan ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata (kanthi Pendekatan Sosiologi Sastra)"* menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika dipunserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar sarjana pendidikan*.

Ing kalodhangan menika panyerat ugi badhe ngaturaken panuwun dhumateng pihak-pihak ingkang sampun paring panyengkuyung satemah skripsi menika saged karampungaken. Panuwun menika katur kanthi tulus dhumateng

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M. Pd MA, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd, minangka Dekan fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan kangge panyerat murih saged ngrampungaken anggenipun nyerat skripsi menika minangka *tugas akhir*.
3. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi dhateng panyerat saha minangka pembimbing ingkang sampun paring bimbingan sarta piwulang kanthi sabar.
4. Bapak Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh saha wejangan ingkang murakabi tumrap panyerat.
5. Staf administrasi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit saking pambiyantunipun.
6. Tiyang sepuh kekalih, Bapak Manggyo Wiloso saha Ibu Estiningtyas Utami, ingkang tansah paring panyengkuyung sarta pandonga tumrap panyerat.
7. Rayi, kangmas, mbakyu saha sedaya kulawarga ingkang sampun paring pandonga.
8. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2010 ingkang boten saged panyerat sebataken satunggal-satunggal, maturnuwun awit tansah paring pambiyantu satemah skripsi menika saged kaimpun.

9. Pihak-pihak sanesipun ingkang boten saged panyerat sebataken sedaya, ingkang sampun paring donga sarta panjurung kangge panyerat.

Panyerat rumaos bilih skripsi menika dereng sampurna, pramila sedaya pangandikan menapadene panyaruwe ingkang saged ndadosaken skripsi menika langkung sae saha sampurna tansah dipunanti-anti dening panyerat saha katampi kanthi raos panuwun. Wasana panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 2 Juni 2014

Panyerat,

Estri Wiji Asih

**WOSING ISI**


kaca

IRAH-IRAHAN ........ i
PASARUJUKAN ........ ii
PANGESAHAN ........ iii
WEDHARAN ........ iv
SESANTI ........ v
PISUNGSUNG ........ vi
PRAWACANA ........ vii
WOSING ISI ........ ix
DHAFTAR *TABEL* ........ xi
DHAFTAR GAMBAR ........ xii
DHAFTAR *LAMPIRAN* ........ xiii
SARINING PANALITEN ........ xiv

BAB I PURWAKA ........ 1
A. Dhasaring Panaliten ........ 1
B. Underaning Perkawis ........ 4
C. Watesaning Perkawis ........ 5
D. Wosing Perkawis ........ 5
E. Ancasing Panaliten ........ 5
F. Paedahing Panaliten ........ 6
G. Pangertosan ........ 7

BAB II GEGARAN TEORI ........ 8
A. *Sosiologi Sastra* ........ 8
B. *Konflik Sosial* wonten ing Novel ........ 11
C. Paraga wonten ing Novel ........ 14
D. Panaliten ingkang Jumbuh ........ 16

BAB III CARA PANALITEN .................................................................... 18
A. Jinising Panaliten .......................................................................... 18
B. *Data* lan Sumber *Data* ..................................................................... 18
C. Caranipun Ngempalaken *Data* .......................................................... 19
D. Pirantining Panaliten ......................................................................... 20
E. Caranipun Nganalisis *Data* .............................................................. 22
F. Caranipun Ngesahaken *Data* ............................................................ 23

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN .......................... 25
A. Asiling Panaliten ............................................................................... 25
B. Pirembagan ....................................................................................... 31
1. Wujud *Konflik Sosial* wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* ......................................................................... 31
2. Perkawis ingkang Njalari *Konflik Sosial* wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* ...................................................... 49
3. *Sikap*ipun Paragatama nalika Ngadhepi *Konflik Sosial* wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* ..................................... 64

BAB V PANUTUP ........................................................................ 76
A. Dudutan ............................................................................................ 76
B. Pamrayogi ......................................................................................... 77
C. Implikasi ........................................................................................... 77

KAPUSTAKAN ............................................................................. 78
LAMPIRAN ................................................................................ 80

## DHAFTAR *TABEL*

kaca

Tabel 1. Asiling Panaliten Wujud *Konflik Sosial*, Perkawis ingkang Njalari *Konflik Sosial*, saha *Sikap*ipun Paragatama nalika Ngadhepi *Konflik Sosial* wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*........................................................................................ 29

## DHAFTAR GAMBAR

kaca

Gambar 1. Wujud Kertu *analisis data* Wujud *Konflik Sosial* ............................ 20

Gambar 2. Wujud Kertu *analisis data* Perkawis ingkang Njalari *Konflik Sosial* ............................................................................. .... 21

Gambar 3. Wujud Kertu *analisis data Sikap*ipun Paragatama Nalika Ngadhepi *Konflik Sosial* ............................................................. .... 22

## DHAFTAR *LAMPIRAN*

kaca


Lampiran 1: Ringkesaning Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* .................... 80

Lampiran 2: Tabel Wujud *Konflik Sosial* wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* ................................................................................ 89

Lampiran 3: Tabel Perkawis ingkang Njalari *Konflik Sosial* wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* ........................................... 100

Lampiran 4: Tabel *Sikap*ipun Paragatama nalika Ngadhepi *Konflik Sosial* wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* ........................ 111

**LELAKONING PARAGATAMA INGKANG NYALAWADI WONTEN ING NOVEL *KADURAKAN ING KIDUL DRINGU* ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA (kanthi *Pendekatan Sosiologi Sastra*)**

**dening Estri Wiji Asih**
**NIM 10205244019**

## SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken wujud *konflik sosial,* perkawis ingkang njalari *konflik sosial,* saha *sikap*ipun paragatama ngadhepi *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif analisis*. *Data* ing panaliten menika awujud *narasi*, pacelathon menapadene lelampahanipun para paraga wonten ing novel. *Data* menika dipunandharaken lajeng dipunanalisis migunakaken *pendekatan sosiologi sastra*.

Caranipun manggihaken *data* kanthi teknik maos saha nyerat. *Data* ingkang wonten dipunanalisis kanthi cara deskriptif, inggih menika panaliti ngandharaken wujud *konflik sosial*, perkawis ingkang njalari *konflik sosial,* saha *sikap*ipun paragatama ngadhepi *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. Kangge manggihaken *validitas data* kaginakaken *validitas semantis*, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas data* dipunginakaken *reliabilitas intrarater* saha *interrater*.

Asiling panaliten ngandharaken: (1) wujud *konflik sosial* wonten ing novel ing antawisipun inggih menika: *perdebatan,* padudon, *kekerasan fisik*, *sindiran*, *penolakan*, *penggertakan,* saha pameksan, (2) perkawis ingkang njalari *konflik sosial* inggih menika: beda pamanggih, *cemburu*, salah tampa, tuding-tinuding, srengen dhateng tiyang sanes, raos *penasaran*, kasetyanipun Kingkinarti, raos boten tega, raos pakewuh, raos kadheseg, sarta cubriya, lajeng (3) *sikap*ipun paragatama ngadhepi *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* inggih menika: tetep ing pamanggih, nyuwun pangapunten, klincutan, mendel, mangsuli kanthi jengkel, boten sarujuk, nampik pamanggih, mangsuli kanthi alon, mlayu medal, cepengan dhateng Naraindras, boten sabar, rumaos isin, wani nyobi guneman, boten marengaken Kingkinarti, nyobi ngandhani, nutupi raos welasipun, saha mbuletaken pacelathon. Saking asiling panaliten menika kapanggihaken bilih perkawis ing masarakat inggih menika *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kalebet wosing *karya sastra*. *Konflik* minangka unsur pambangun *karya sastra* ndadosaken lampahaning cariyos langkung ngresepaken.

Pamijining tembung : *novel, konflik sosial, sosiologi sastra, deskriptif analisis.*

# BAB I
# PURWAKA

## A. Dhasaring Panaliten

Novel inggih menika *karangan* utawi cariyos ingkang awujud *prosa* utawi gancaran ingkang sipatipun *fiktif* utawi boten nyata. Novel minangka *karangan* dipunwujudaken dening panganggit kanthi ngrantam cariyos ingkang jumbuh kaliyan menapa ingkang wonten ing gesanging masarakat. Bab menika ingkang ndadosaken novel langkung dipunremeni dening para pamaos *sastra*, bilih cariyos ingkang wonten ing novel caket sanget kaliyan gesanging masarakat pamaos, satemah pamaos saged mlebet lan ngraosaken swasana ingkang kagambaraken wonten ing novel. Pramila pamilihing *tema* dados langkung wigati, supados langkung narik kawigatosan pamaos novel, kadosta tema katresnan, perjuangan, utawi crita detektif ingkang kapendhet adhedhasar *latar sosial* masarakat pamaos. Sanesipun menika ingkang saged narik kawigatosan pamaos dhateng novel inggih menika wontenipun *konflik*. *Konflik* wonten ing novel menika ingkang ndadosaken pamaos saged ngraosaken cariyos menika langkung gesang, saha mboten *monoton*.

*Konflik* dipunalami dening para paraga wonten ing novel, saking *konflik* pribadi (*konflik* batin) menapadene *konflik* kaliyan paraga sanes. *Konflik* menika saged tuwuh amargi paraga setunggal kaliyan sanesipun gadhah ancas ingkang beda anggenipun ngadhepi gesangipun. Wujud *konflik* ingkang saged kedadosan wonten ing masarakat menika kathah jinisipun. Salah satunggaling *konflik* inggih menika *konflik sosial* ingkang gegayutan kaliyan gesang bebrayan wonten ing

masarakat. *Konflik sosial* saged tuwuh antawisipun satunggal tiyang kaliyan sanesipun awit wontenipun *kontak sosial* utawi sesambetan antawisipun tiyang utawi kelompok setunggal kaliyan sanesipun wonten ing lelampahan gesangipun. *Konflik sosial* ing novel saged dipungayutaken kaliyan unsur novel inggih menika plot, amargi *konflik sosial* menika minangka unsur pambangun cariyos saha ingkang nemtokaken lampahing cariyos saking wiwitan, wontenipun *konflik* dumugi pungkasaning cariyos. Sanesipun menika saged kagayutaken kaliyan unsur penokohan wonten ing novel, inggih menika ingkang nggambaraken sipatipun para paraga. Gayutipun inggih menika amargi sipatipun paraga menika ndhasari *sikap* utawi tumindaking paraga nalika ngadhepi *konflik.*

*Konflik* menika temtu wonten ing saben karangan fiksi, kalebet ugi novel. *Konflik* ingkang dipuncariyosaken wonten ing novel menika sumberipun ugi saking pagesangan, perkawis ingkang saged ugi kedadosan wonten ing kasunyatan. Wonten ing novel, para paraga ngadhepi lingkunganipun sarta dhiri pribadinipun kaliyan *ego* utawi pepenginan dhiri, menapadene kaliyan batinipun. Perkawis menika ugi saged kapanggihaken wonten ing novel Jawi. Salah satunggaling novel Jawi inggih menika ingkang irah-irahanipun *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata. Novel menika wujudipun wiracarita, inggih menika cariyos bab kasatriyan. Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kanthi tema perjuwangan menika nyariyosaken kawontenanipun masarakat nalika jaman *penjajahan* Walanda ing kutha Surabaya. Saking paraga-paraga ingkang dipuncariyosaken menika wonten satunggal paragatama ingkang lelampahanipun tansah nyalawadi sae ing bab sesrawungan saha ing bab asmara. Perkawis *sosial*

menika narik kawigatosanipun panaliti dhateng novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kangge dipunrembag gegayutanipun kaliyan *konflik sosial.*

Suparto Brata minangka panganggit nggambaraken kawontenan, sipat, perkawis ingkang dipunalami sarta tumindaking para paraga, kadosdene ingkang wonten ing gesang padintenan kanthi cara *fiktif*. Wonten ing novel menika dipuncariyosaken paragatamanipun inggih menika Wimbadi, gesang srawung kaliyan paraga sanesipun kadosta kanca-kanca pemudha pejuwang saha para warga wonten ing kampung pangungsen. Gesang sesrawungan kaliyan tiyang sanes menika mbetahaken wontenipun komunikasi utawi satunggaling hubungan, nanging amargi caranipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun anggen ngadhepi gesangipun mesthi beda, bab menika saged nuwuhaken *konflik sosial*. Mekaten ugi ingkang dipunalami dening Wimbadi, wonten ing cariyos menika Wimbadi ngadhepi kathah *konflik sosial* kaliyan paraga sanesipun nalika berjuwang kangge gesangipun ing wekdal penjajahan Walanda.

Salah satunggaling *konflik sosial* ingkang dipunalami dening Wimbadi inggih menika nalika celathu kaliyan Dulmanan, ingkang wusananipun tuwuh satunggaling perdebatan, katingal saking pethikan menika:

*"Sala akeh arek ayu, ya?"*
*"Embuh, ya. Kocape lèk Putri Solo iku ayu-ayu, Dul. Tapi nyatane saprene aku esih tetep mbujang aè ngene. Apaa sè pena takon arek ayu? Duwe dhadhakan, tah, ndhuk Sala?" pitakonku sok-sok ya katut nganggo basa Suroboyoan.*
*"Ya margane aku arek lanang Wim, mangkane takon arek ayu. Arek lanang diwasa lak dikodratna mekir arek ayu-a," ujare.*
*"Naraindras iku rak ayu, lèk köen tèlèk arek ayu," ujarku.*
.......................................................................
*"Naraindras? Iya, dheweke ancènè ayu, Wim. Tapine aku kok aluwung sitokè!" (kaca 22)*

Pethikan novel menika nggambaraken bilih paragatama inggih menika Wimbadi saweg guneman kaliyan Dulmanan, nanging saking guneman menika tuwuh *konflik sosial* ingkang awujud perdebatan. Bab menika dipunsebabaken amargi wonten beda pamanggih antawisipun tiyang kalih menika. Wonten ing *konflik* menika Wimbadi tetep ing pamanggihipun. *Konflik sosial* sanesipun ingkang gayut kaliyan paragatama wonten ing salebeting novel menika saged katliti migunakaken ngelmu *sosiologi sastra*. *Sosiologi* menika nyinau bab gesanging manungsa wonten ing masarakat, sesambetanipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun, dene ngelmu *sastra* nyinau *karya sastra* minangka asil kabudayan ing gesanging manungsa. Tegesipun *sosiologi sastra* menika nyinau gayutipun *sastra* kaliyan *sosiologi* kanthi objek ingkang sami inggih menika manungsa wonten ing masarakat.

## B. Underaning Perkawis

Saking dhasaring panaliten menika wonten perkawis-perkawis ingkang tuwuh wonten ing pengkajian novel kadosta:

1. Wujud latar *sosial* masarakat wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.
2. Hubungan *sosial* antawisipun paragatama kaliyan paraga sanesipun wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.
3. Perkawis-perkawis ingkang njalari *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.
4. Wujud *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.
5. Jinis *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

6. *Sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

## C. Watesaning Perkawis

Saking kathah perkawis kedah dipunwatesi supados panaliten ingkang katindakaken saged langkung *fokus.* Pramila panaliti namung mendhet saperangan perkawis, inggih menika ing bab:

1. Wujud *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.
2. Perkawis-perkawis ingkang njalari *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.
3. *Sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

## D. Wosing Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis ingkang kaandharaken, saged kapendhet wosing perkawis inggih menika:

1. Kadospundi wujud *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*?
2. Kadospundi perkawis-perkawis ingkang njalari *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*?
3. Kadospundi *sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*?

## E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken saperangan bab ingkang dados perkawis ing pengkajian novel, inggih menika:

1. Ngandharaken wujud *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.
2. Ngandharaken perkawis-perkawis ingkang njalari *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.
3. Ngandharaken *sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

## F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika katindakaken kanthi pangajab saged maedahi kangge panaliti menapadene masarakat pamaos.

1. Paedah teoritis

Panaliten menika saged dados sarana kangge ngembangaken panaliten salajengipun kanthi pendekatan *sosiologi sastra*, mliginipun panaliten ngengingi wujud *konflik sosial*, perkawis-perkawis ingkang njalari wontenipun *konflik sosial*, sarta *sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial* wonten ing salebeting novel.

2. Paedah praktis

Panaliten menika saged kangge mbiyantu para pamaos supados langkung mangertos wosing novel Jawi kanthi *pendekatan sosiologi sastra*, saha saged mindhakaken kawigatosanipun para pamaos kangge paring apresiasi *sastra*.

## G. Pangertosan

1. Lelakon

Lelakon menika gadhah teges solah tingkah utawi tindakan ingkang dipunlampahi kangge nggayuh ancasing gesang dhiri pribadi wonten ing gesang padintenan.

2. Paragatama

Wonten ing *kajian* menika paraga ateges satunggaling tiyang utawi tokoh ingkang nindakaken peran trep kaliyan ingkang dipuncariyosaken. Wonten ing salebeting *karya sastra*, paraga menapadene paragatama dados unsur ingkang wigati kangge lampahing cariyos. Mligi pangertosan  paragatama menika tokoh ingkang langkung asring medal wonten ing cariyos.

3. Nyalawadi

Tembung nyalawadi menika ateges bab ingkang boten bares, wonten perkawis ingkang dados wadi. Wonten ing panaliten menika pangertosan nyalawadi dipungayutaken kaliyan wontenipun *konflik sosial* ingkang kadadosan ing salebeting novel.

4. Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

Novel kanthi irah-irahan *Kadurakan ing Kidul Dringu* menika anggitanipun Suparto Brata. Novel kanthi kandel 192 kaca menika kawedalaken dening penerbit Narasi Yogyakarta ing taun 2012. Novel kanthi tema perjuwangan menika  dipunsebat wiracarita, amargi wosipun nyariyosaken bab kasatriyan. Novel menika ugi dipunrengga cariyos bab katresnan ingkang nyalawadi, satemah ndadosaken novel saya ngresepaken.

# BAB II
# GEGARAN TEORI

## A. *Sosiologi Sastra*

*Sosiologi sastra* inggih menika cabang *ilmu interdisipliner* ingkang mbiyantu *kajian sastra* gegayutanipun kaliyan *sosial* utawi masarakat. *Sosiologi sastra* minangka *ilmu interdisipliner* ateges dhapukan saking *ilmu sosiologi* kaliyan *ilmu sastra*. Damono (1979:7) ngandharaken bilih *sosiologi* inggih menika *studi obyektif* saha *ilmiah* babagan manungsa saha masarakat; *telaah* ngengingi *lembaga* saha *proses sosial*. *Sosiologi* menika ngrembag babagan manungsa wonten ing masarakat, sesambetanipun manungsa setunggal kaliyan sanesipun kanthi cara langsung saha *ilmiah*. Dados wonten ing ilmu *sosiologi* menika ingkang dipunsinau inggih menika caranipun manungsa gesang sesrawungan.

*Sastra* inggih menika *institusi sosial* ingkang migunakaken basa minangka pirantinipun (Wellek &Warren, 1995: 109). Saking pangertosan menika cetha bilih *sastra* menika dados perangan saking *lembaga* ingkang sesambetan kaliyan masarakat, ingkang saged ugi ngemu teges minangka pranata ingkang tuwuh wonten salebeting pagesangan ingkang migunakaken piranti inggih menika basa. Gegayutanipun *sastra* kaliyan masarakat menika asipat *subjektif*, tegesipun gegayutan menika saged dipuntingali saking *sudut pandang* pundi kemawon. Ngelmu *sosiologi* kaliyan ngelmu *sastra* dipunginakaken sesarengan wonten ing *kajian sosiologi sastra* amargi *objek* utaminipun sami inggih menika manungsa wonten ing masarakat.

Miturut Semi (1993: 73) *pendekatan sosiologis* menika asalipun saking pamanggih bilih *karya sastra* menika minangka *pencerminan* utawi gegambaran gesanging masarakat amargi menapa ingkang wonten ing salebeting *karya sastra* menika nggambaraken kahanan ingkang asring kedadosan wonten ing masarakat, mliginipun masarakat ingkang nuwuhaken *karya sastra*. Gegayutan antawisipun *karya sastra* kaliyan gesanging masarakat saged katliti kanthi warni-warni cara, jumbuh kaliyan pamanggihipun Luxemburg (1984:23) inggih menika:

1) Ingkang katliti inggih menika *faktor-faktor* ingkang nyengkuyung saking njawi *teks*, ingkang njalari wontenipun *konteks sastra*, nanging teks *sastra*nipun piyambak boten dipungatosaken. Bab ingkang katliti menika kadosta gesanging *pengarang* wonten ing masarakat, donyaning pamaos, menapadene donyaning penerbit.
2) Ingkang katliti inggih menika gegayutan antawisipun *aspek-aspek teks sastra* saha susunaning masarakat, paedahipun *karya sastra* kangge masarakat, sarta gegambaraning tatanan masarakat ingkang dipunketingalaken wonten ing salebeting *karya sastra*.

Dene kajian *sosiologi sastra* gadhah tigang *pendekatan*, inggih menika *sosiologi pengarang* (panganggit), *sosiologi karya sastra*, saha *sosiologi* pamaos.

1) *Sosiologi Pengarang*

*Pengarang* gadhah *peran* ingkang wigati nalika nglairaken satunggaling *karya sastra*. Miturut Wiyatmi (2013:25) *pengarang* minangka pangripta *karya sastra* kaanggep minangka *makhluk sosial* ingkang kadununganipun wonten ing masarakat saged dipuntingali saking *status sosial* wonten ing masarakat, *ideologi*

ingkang dipunenut, kalenggahanipun ing masarakat, sarta sesambetanipun kaliyan pamaos. Ingkang dados perkawis ing *sosiologi pengarang* inggih menika *status sosial, latar belakang, ideologi, mata pencaharian, profesionalisme* saha perangan sanes ingkang gayut kaliyan *pengarang* minangka pangripta *karya sastra*.

2) *Sosiologi Karya Sastra*

*Sosiologi karya sastra* inggih menika kajian *sosiologi sastra* ingkang ngrembag *karya sastra* sarta gayutipun kaliyan perkawis *sosial* ingkang wonten ing masarakat (Wiyatmi, 2013:41). Perangan ingkang dipunrembag menika wosing *karya sastra* piyambak, menapa kemawon ingkang wonten ing salebeting *karya sastra*, saha ancasing *karya sastra* gegayutanipun kaliyan perkawis *sosial*.

3) *Sosiologi* Pamaos

*Sosiologi* pamaos inggih menika kajian ingkang ngrembag gegayutanipun *karya sastra* kaliyan pamaos wonten ing masarakat *sosial*. Kajian menika ndadosaken pamaos, saha pengaruh *sosial karya sastra* minangka perkawisipun.

*Pendekatan* ingkang asring dipunginakaken wonten ing panaliten *karya sastra* inggih menika *pendekatan sosiologi karya sastra*. Mekaten ugi ingkang wonten ing panaliten menika, kangge ngandharaken wosing *karya sastra* sarta ancasipun *karya sastra* ingkang gayut kaliyan perkawis *sosial* migunakaken *pendekatan sosiologi karya sastra*. Saking panaliten menika saged kaandharaken kadospundi gegambaran gesangipun masarakat ingkang saestu, dene ancasipun kejawi ngandharaken wosing *karya sastra* ugi badhe ngandharaken perkawis ingkang asring kedadosan wonten ing masarakat inggih menika babagan *konflik*

*sosial* ingkang wonten ing salebeting novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, mliginipun ingkang gegayutan kaliyan paragatama.

## B. *Konflik Sosial* wonten ing Novel

Novel inggih menika *karya sastra fiksi* ingkang awujud *prosa* ingkang kaandharaken wonten ing cariyos. Jassin (lumantar Nurgiyantoro, 2007:16) ngandharaken pangertosan novel ingkang dipunwatesi minangka cariyos ingkang nggambaraken donyaning manungsa sarta lingkunganipun, langkung kathah nggambaraken sawetawis wekdal saking gesangipun tiyang ateges langkung ngengingi satunggaling episode. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih sajatosipun novel menika raket sanget kaliyan gesanging manungsa wonten ing masarakat amargi wonten ing novel dipuncariyosaken bab pagesanganing manungsa wonten ing satunggaling wekdal saha kahanan.

Novel menika nggambaraken satunggaling prastawa ingkang kedadosan wonten ing masarakat, ingkang dipuntindakaken dening para paraga. Novel nyariyosaken paraga-paraga sarta tumindakipun kanthi cara *fiktif*, ateges menapa ingkang dipuncariyosaken namung *rekaan ide* damelanipun panganggit dipunjumbuhaken kaliyan kawontenan ingkang wonten ing gesang padintenan. Kados ingkang dipunsebataken dening Sayuti (2000: 11) bilih novel menika saged mahyakaken cariyos ingkang langkung panjang ngengingi panggenan (*ruang*) tartamtu. Pramila kalenggahanipun manungsa ing satengahing masarakat dados perkawis pokok ingkang narik kawigatosanipun para panganggit novel (*novelis*).

Wonten ing novel tamtu ngemot sawijining perkawis ingkang kaangkat dening panganggit minangka wosing cariyos. Perkawis ingkang asring dipunsebat

*konflik* menika dados unsur ingkang wigati kangge mbangun cariyos wonten ing novel saha ndadosaken perkawis ingkang wonten saya mindhak saha tumuju dhateng pucuking cariyos utawi *klimaks*. Wontenipun *konflik* ugi ndadosaken *daya tarik* para pamaos kangge mangertos wosing novel. Miturut Nurgiyantoro (2007: 122) *konflik* menika wonten ing pagesangan nyata langkung condhong dhateng *konotasi* negatif, sawijining bab ingkang boten ngremenaken. Saking pangertosan menika saged dipunmangertos bilih *konflik* utawi perkawis ingkang kedadosan wonten ing gesang nyata menika sipatipun boten ngremenaken satemah manungsa ing gesangipun boten ngarepaken wontenipun *konflik*. Bab menika beda kaliyan *konflik* ingkang kedadosan wonten ing salebeting novel, paraga ingkang ngalami *konflik* menika tumindak manut dhateng panganggit ingkang ngripta saha nemtokaken lampahaning cariyos.

*Konflik* minangka wujud saking wontenipun prastawa kaperang dados kalih kategori inggih menika *konflik fisik* saha *konflik batin*, *konflik eksternal* saha *konflik internal* (Nurgiyantoro, 2007:124). *Konflik eksternal* piyambak gadhah pangertosan minangka *konflik* ingkang tuwuh ing antawisipun paraga kaliyan lingkunganipun, kalebet lingkungan masarakat. Wonten satunggaling *konflik* ingkang asring kedadosan ing lingkungan masarakat inggih menika *konflik sosial* ingkang kalebet *konflik eksternal*.

Pangertosan saking *konflik sosial* miturut Nurgiyantoro (2007:124) inggih menika *konflik* ingkang tuwuh amargi wontenipun *kontak sosial* antaraning manungsa, utawi perkawis-perkawis ingkang dipunsebabaken wontenipun sesambetan antaraning manungsa. Saben manungsa menika gadhah kalih peranan

minangka individu saha minangka makhluk *sosial*. Minangka individu manungsa menika gadhah watek ingkang beda antawisipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun, caranipun tiyang menika ngadhepi perkawis ugi beda. Minangka makhluk *sosial*, manungsa katuntut kedah saged gesang srawung kaliyan tiyang sanes wonten ing masarakat, nanging wonten ing bab menika tasih angel katindakaken, amargi manungsa menika taksih nengenaken dhiri pribadinipun. Bab menika saged nuwuhaken perkawis utawi *konflik* amargi minangka dhiri pribadi gadhah ancas ingkang beda kaliyan tiyang sanes lajeng saged nindakaken menapa kemawon kangge nggayuh ancas gesangipun, kalebet nglawan menapadene nyingkiraken tiyang sanes.

Dene wujudipun *konflik* menika warni-warni, kadosta padudon, pameksan, *pergunjingan*, *ancaman*, adu *fisik*, ngantos merjaya tiyang sanes. Sedaya *konflik* ingkang wonten ing salebeting cariyos tamtu ugi sumberipun saking pagesangan nyata. Bab menika ingkang ndadosaken pamaos saged mlebet sarta keli wonten ing aluring cariyos. *Konflik* wonten ing cariyos saged dipunbedakaken dados 3 jenis (Sayuti, 2000: 42), inggih menika:

1) *Konflik* kejiwaan, inggih menika *konflik* ingkang wonten ing dhiri pribadi satunggaling paraga. Wonten ing *konflik* menika paraga ngusahakaken kangge nglawan dhirinipun piyambak satemah saged ngadhepi sarta nemtokaken menapa ingkang badhe katindakaken.
2) *Konflik sosial*, inggih menika *konflik* antawisipun tiyang-tiyang utawi satunggal tiyang kaliyan masarakat. *Konflik* menika biasanipun awujud *konflik* paraga, gegayutanipun kaliyan perkawis-perkawis *sosial*. *Konflik sosial* tuwuh

saking *sikap*ipun paraga dhateng *lingkungan sosial* ngengingi satunggaling perkawis.

3) *Konflik* alamiah, inggih menika *konflik* antawisipun manungsa kaliyan alam. *Konflik* menika tuwuh nalika paraga boten saged nguwaosi utawi mbudidaya alam sekitar kados samesthinipun.

Panaliten ingkang katindakaken menika ngadharaken lelampahanipun paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* ingkang gegayutan kaliyan perkawis *sosial*, ateges miturut katrangan ing nginggil ingkang dipunandharaken kalebet dhateng *konflik sosial*. *Konflik* ingkang dipunalami dening para paraga wonten ing novel menika ewuh sanget, amargi paraga, mliginipun paragatama menika ngalami *konflik* kaliyan tiyang sanes kejawi ing bab gesang bebrayan ing antawisipun kelompok pemudha ingkang dados pejuwang, ugi kaliyan warga kampung pangungsen.

## C. Paraga wonten ing Novel

Wosing cariyos boten saged uwal saking *unsur* pambangunipun. Mekaten ugi novel, *unsur* pambangunipun kadosta *plot, tema, penokohan*, saha *latar*, ingkang umumipun langkung *kompleks* saha *rinci* tinimbang *unsur* cariyos sanes (Nurgiyantoro, 2007). Saking katrangan menika cetha bilih gegayutan antawisipun unsur setunggal kaliyan sanesipun wonten ing novel kasusun kanthi laras dados satunggaling cariyos. Salah satunggaling unsur ingkang wigati wonten ing novel inggih menika paraga utawi penokohanipun. Wigatinipun amargi paraga menika minangka lakon ingkang nindakaken lelampahan wonten ing cariyos. Dene miturut Fananie (2000: 86) paraga-paraga wonten ing novel boten namung

nindakaken lampahing cariyos, nanging ugi gadhah *peran* kangge mahyakaken *ide, motif, plot,* saha *tema* saking cariyos.

Penokohan inggih menika gambaranipun paraga ingkang dipuncariyosaken. Paraga-paraga wonten ing novel dipungambaraken saged kanthi langsung utawi boten langsung saking perangan *ciri-ciri fisik,* sipat, tindak tanduk, menapadene *hubungan* kaliyan paraga sanes. Miturut Nurgiyantoro (2007:13) para paraga wonten ing novel menika saged dipungambaraken kanthi cara langsung menapadene boten langsung. Gegambaran langsung biasanipun dipunkatingalaken *secara tersurat* wonten ing narasi utawi ing pacelathonipun para paraga. Dene gegambaran ingkang boten langsung menika biasanipun katitik saking wontenipun tandha-tandha menapadene saking tumindakipun paraga manut *konteks* cariyos menika.

Paraga wonten ing novel menika kaperang dados kalih jinis, inggih menika paragatama (*pelaku utama*) kaliyan paraga tambahan (*pelaku sampingan*). Paragatama inggih menika paraga ingkang langkung asring dipuncariyosaken, sarta nemahi *konflik* utawi perkawis ingkang utama wonten ing cariyos. Dene paraga tambahan sanajan langkung sekedhik lakonipun, nanging boten kalah wigati kaliyan paragatama, awit paragatama tetep mbetahaken paraga tambahan ingkang ndadosaken alur cariyos langkung nengsemaken, kejawi menika paraga tambahan ugi dipunbetahaken nalika paragatama ngadhepi perkawis wonten ing cariyos. Adhedhasar pangertosan menika, sae paragatama menapadene paraga tambahan dipunbetahaken wonten ing cariyos kanthi *peran*ipun piyambak-piyambak kangge mbangun satunggaling cariyos ingkang wetah.

## D. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih panaliten kanthi irah-irahan *Konflik Sosial wonten ing Novel Sanja Sangu Trebela anggitanipun Peni* dening Fania Wardah (2013) mahasiswa Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Universitas Yogyakarta. Panalitenipun Fania jumbuh kaliyan panaliten ingkang katindakaken dening panaliti wonten ing perangan objek panaliten inggih menika migunakaken *karya sastra* awujud novel Jawi. Panaliten menika ugi migunakaken pendekatan *sosiologi sastra* kangge ngrembag babagan *konflik sosial*. Ingkang dipunandharaken wonten ing panalitenipun Fania inggih menika *konflik sosial* novel saking perangan wujudipun *konflik sosial*, pawadan ingkang murugaken *konflik sosial*, sarta caranipun paraga ngrampungaken *konflik sosial*.

Panaliten sanesipun inkang jumbuh inggih menika panalitenipun Melin Indah Lestari (2013) kanthi irah-irahan *Konflik Sosial wonten ing Cerbung Kidung Sukma Larasing Jiwa Anggitanipun Ardini Pangastuti BN Kapacak wonten ing Kalawarti Djaka Lodang Edisi 4 Februari – 28 Juli 2012*. Bedanipun kaliyan panaliten menika saking perangan objekipun, panalitenipun Melin migunakaken cerbung (cerita sambung), dene panaliten menika migunakaken novel inggih menika novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

Wonten ing perangan wosing perkawis, saking panaliten menika ngrembag bab ingkang jumbuh kaliyan panalitenipun Melin, inggih menika wujud *konflik sosial* antawisipun paraga, faktor ingkang njalari *konflik sosial*, saha *sikap*ipun paraga nalika ngadhepi *konflik sosial*. Satunggal perkawis ingkang beda, ingkang

katindakaken dening panalitenipun Melin inggih menika caranipun paraga ngrampungaken *konflik sosial*. Panaliten-panaliten ingkang jumbuh menika dipunginakakaken dening panaliti kangge dhasar panaliten salajengipun ing bab *konflik sosial* novel.

# BAB III
# CARA PANALITEN

## A. Jinising Panaliten

Panaliten menika migunakaken *metode* panaliten *deskriptif analisis,* tegesipun panaliten menika katindakaken kanthi ngandharaken *fakta-fakta* ingkang dipunlajengaken *analisis* (Ratna, 2013: 53). Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken sawijining perkawis kanthi *sistematis* saha *faktual* sarta kaandharaken menapa wontenipun. Panaliten menika migunakaken *pendekatan sosiologi sastra* kangge mangertos karya sastra gegayutanipun kaliyan perkawis-perkawis *sosial* wonten ing masarakat minangka dhasaring pendekatan kasebat. Panaliten menika badhe ngandharaken wujud *konflik sosial*, perkawis-perkawis ingkang njalari *konflik sosial,* sarta *sikap*ipun paragatama nalika nglampahi *konflik sosial* wonten ing salebeting novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

## B. *Data* saha Sumber *Data*

*Data* panaliten menika inggih saking sedaya *fakta* utawi *fenomena* (Endraswara, 2011: 103) saking pethikan cariyos ingkang ngandharaken wujud *konflik sosial*, perkawis-perkawis ingkang njalari *konflik sosial,* sarta *sikap*ipun paraga nalika nglampahi *konflik sosial* wonten ing salebeting novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. *Data* menika awujud *narasi,* pacelathon menapadene lelampahanipun para paraga novel.

Sumber *data*nipun inggih menika novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* anggitanipun Suparto Brata ingkang kalebet wiracarita. Novel kanthi kandel 196 kaca menika kacithak dening *penerbit* Narasi Yogyakarta taun 2012.

## C. Caranipun Ngempalaken *Data*

Caranipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika kanthi cara maos saha nyerat. *Teknik* menika nedahaken panaliti maos sumber *data* kanthi premati, kanthi nggatosaken peranganing *sumber data* ingkang jumbuh kaliyan ancasing panaliten. Salajengipun, perangan ingkang jumbuh menika dipunsukani tandha supados gampil menawi dipunpantha-pantha. Perangan menika minangka *data* lajeng dipunserat wonten ing kertu *analisis data*.

Wonten ing panaliten menika panaliti ugi kedah nindakaken sawetawis tindakan kangge ngempalaken *data*, inggih menika kanthi cara:

1. Maos novel ingkang dados sumber *data* inggih menika novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, kangge madosi *data* ingkang jumbuh kaliyan wosing panaliten.
2. *Data* ingkang awujud narasi, menapadene pacelathon ingkang wonten ing salebeting novel menika dipunsukani tandha tartamtu kangge mbedakaken jinising *data*, ingkang kaperang dados tiga inggih menika wujud *konflik sosial*, perkawis-perkawis ingkang njalari *konflik sosial*, sarta *sikap*ipun paragatama nalika nglampahi *konflik sosial* wonten ing salebeting novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.
3. Salajengipun, *data* menika dipunserat wonten ing kertu *analisis data*.

## D. Pirantining Panaliten

Wonten ing panaliten menika, panaliti minangka *instrumen* utama tumindak madosi *data* ingkang mujudaken bab wujud *konflik sosial*, perkawis-perkawis ingkang njalari *konflik sosial*, sarta *sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial*. Pramila nalika nliti novel, panaliti kedah dipunbiyantu

migunakaken piranti inggih menika kertu *analisis data*. Wujudipun kertu *data* inggih menika:

1. Kertu *analisis data* wujud *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

| No. *Data* | Wujud *konflik* | Paraga | Indikator | Kaca |
|---|---|---|---|---|
| 1. | *Perdebatan* | Wimbadi kaliyan Dulmanan | *Sala akeh arek ayu, ya?"* *"Embuh, ya. Kocape lèk Putri Solo iku ayu-ayu, Dul. Tapi nyatane saprene aku esih tetep mbujang aè ngene. Apaa sè pena takon arek ayu? Duwe dhadhakan, tah, ndhuk Sala?" pitakonku sok-sok ya katut nganggo basa Suroboyoan.* *"Ya margane aku arek lanang Wim, mangkane takon arek ayu. Arek lanang diwasa lak dikodratna mekir arek ayu-a," ujare.* *"Naraindras iku rak ayu, lèk köen tèlèk arek ayu," ujarku.* ............................................................ *"Naraindras? Iya, dheweke ancènè ayu, Wim. Tapine aku kok aluwung sitokè!"* | 22 |

**Gambar 1. Wujud kertu *analisis data* wujud *konflik sosial***

2. Kertu *analisis data* perkawis ingkang njalari *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

| No. *Data* | Wujud *konflik* | Perkawis ingkang Njalari | Indikator | Kaca |
|---|---|---|---|---|
| 1. | *Perdebatan* | Beda pamanggih | *Sala akeh arek ayu, ya?"*<br>*"Embuh, ya. Kocape lèk Putri Solo iku ayu-ayu, Dul. Tapi nyatane saprene aku esih tetep mbujang aè ngene. Apaa sè pena takon arek ayu? Duwe dhadhakan, tah, ndhuk Sala?" pitakonku sok-sok ya katut nganggo basa Suroboyoan.*<br>*"Ya margane aku arek lanang Wim, mangkane takon arek ayu. Arek lanang diwasa lak dikodratna mekir arek ayu-a," ujare.*<br>*"Naraindras iku rak ayu, lèk köen tèlèk arek ayu," ujarku.*<br>..........................................................<br>*"Naraindras? Iya, dheweke ancènè ayu, Wim. Tapine aku kok aluwung sitokè!"* | 22 |

**Gambar 2. Wujud kertu *analisis data* perkawis ingkang njalari *konflik sosial***

3. Kertu *analisis data sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*

| No. *Data* | Wujud *konflik* | Paraga | Indikator | Kaca |
|---|---|---|---|---|
| 1. | *Perdebatan* | Wimbadi kaliyan Dulmanan | *Sala akeh arek ayu, ya?" "Embuh, ya. Kocape lèk Putri Solo iku ayu-ayu, Dul. Tapi nyatane saprene aku esih tetep mbujang aè ngene. Apaa sè pena takon arek ayu? Duwe dhadhakan, tah, ndhuk Sala?" pitakonku sok-sok ya katut nganggo basa Suroboyoan. "Ya margane aku arek lanang Wim, mangkane takon arek ayu. Arek lanang diwasa lak dikodratna mekir arek ayu-a," ujare. "Naraindras iku rak ayu, lèk köen tèlèk arek ayu," ujarku.* ........................................................... *"Naraindras? Iya, dheweke ancènè ayu, Wim. Tapine aku kok aluwung sitokè!"* | 22 |

**Gambar 3. *Sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial***

## E. Caranipun Ng*analisis Data*

*Analisis data* dhasaripun inggih menika *proses pemaknaan*, tegesipun wonten ing *analisis* menika panaliti kedah ngrembag langkung lebet asiling panaliten jumbuh kaliyan *teori* ingkang dipunginakaken. Caranipun *analisis data* ingkang dipunginakaken gumantung *perspektif* ingkang dipunpilih, sarta teori ingkang dipunginakaken (Endraswara, 2011: 111). Caranipun ng*analisis data* wonten ing panaliten menika kanthi cara *deskriptif* migunakaken *pendekatan sosiologi sastra*. Tata caranipun *analisis* inggih menika:

1. Terapan *teori*

*Teori* ingkang wonten ing *referensi* dipuncakaken kangge manggihaken *data* ingkang badhe dipunkempalaken..

2. Kategorisasi

*Data* ingkang sampun dipunkempalaken kapantha-pantha miturut ancas panaliten inggih menika madosi wujud *konflik sosial*, perkawis-perkawis ingkang njalari *konflik sosial*, sarta *sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial* wonten ing salebeting novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

3. Tabulasi utawi penabelan *data*

*Data* ingkang dipunkempalaken lajeng dipunserat wonten ing kertu *analisis data* ingkang awujud tabel.

4. Analisis *data*

*Data* ingkang sampun kaserat ing kertu *data* lajeng dipun*analisis* kanthi cara deskriptif.

5. *Inferensi*

Inferensi inggih menika mendhet dudutan saking asiling *analisis*.

## F. Caranipun Ngesahaken *Data*

*Data* dipunsahaken kanthi cara validitas saha reliabilitas. Uji validitas migunakakaken validitas semantis, ateges *data-data* menika dipuntingali adhedhasar konteks sumber *data*. Kangge uji reliabilitas *data* ing panaliten menika ngginakaken *reliabilitas intrarater* inggih menika kanthi cara maos saha nliti *data* ngantos makaping-kaping, lajeng dipuncathet supados pikantuk *data* ingkang ajeg (*konsisten*) saha *reliabilitas interrater* inggih menika kanthi nindakaken

pirembagan kaliyan tiyang ingkang sampun *ahli* ing bab panaliten sastra, saha pirembagan kaliyan panaliti sanesipun ingkang sami-sami ngrembag babagan *konflik sosial* novel.

# BAB IV
# ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

## A. Asiling Panaliten

Wonten ing perangan menika dipunandharaken asiling panaliten ingkang migunakaken pendekatan *sosiologi sastra*. Bab ingkang dipunrembag dipunjumbuhaken kaliyan ancasing panaliten. Panaliten menika ngengingi *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, mliginipun ingkang dipunalami dening paragatama, inggih menika Wimbadi, kaliyan paraga sanesipun. *Konflik-konflik sosial* ingkang dipunalami dening paragatama novel kasebat dipunrembag saking perangan wujud *konflik sosial*, perkawis ingkang njalari *konflik sosial*, saha *sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial*.

Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* minangka sumber *data* wonten ing panaliten menika, nyariyosaken gesang satunggaling pemudha pejuwang asal kutha Sala inggih menika Wimbadi. Cariyos menika kawiwitan nalika Wimbadi dipunpindhah tugas wonten ing Probolinggo, piyambakipun manggen wonten dhusun Dringu ing dalemipun Mas Pandam, sedherek saking Sala. Kahanan menika ewah nalika penjajah Walanda ngejegi Dringu. Wimbadi mlajar lan ngungsi wonten ing dhusun kidul Dringu, dene Mas Pandam tiwas amargi kenging peluru serdhadhu Walanda. Wimbadi nglampahi gesang ing kahanan ingkang beda, tanpa sanak sedulur ing dhusun kidul Dringu. Ing dhusun menika Wimbadi mapan wonten langgar sareng kaliyan para nem-neman ingkang ugi saweg ngungsi. Sesrawungan kaliyan para pemudha menika nuwuhaken greget saha kakuwatan anyar kangge nglawan Walanda. Para pemudha saya dangu

anggenipun srawung saya raket, ngantos sawijining dinten Wimbadi kaliyan kanca, Martimbang saha Martimbul, sesidheman tuwi kahananipun dhusun Dringu, niyat namung pados warta, nanging malah kasil wangsul mbeta pistul, pistule serdhadhu Walanda ingkang nemahi pejah.

Lelampahanipun Wimbadi boten namung ing bab perjuwangan nglawan Walanda, dipuncariyosaken ugi bilih Wimbadi rumaos tresna dhumateng kenya aran Kingkinarti, nanging ingkang dados perkawis menika Kingkinarti nulak raos tresnanipun Wimbadi amargi piyambakipun sampun dados gadhahipun tiyang sanes, sinten tiyangipun ugi dipunsingidaken dening Kingkinarti. Bab menika ndadosaken Wimbadi *penasaran* lan nerka-nerka sinten tiyangipun ingkang sampun ngrumiyini piyambakipun, sanajan sejatosipun wonten kenya sanes inggih menika Naraindras ingkang tresna dhateng Wimbadi lan kepengin sesambetan kaliyan Wimbadi.

Sawijining dalu, Wimbadi kaliyan kanca-kanca pejuwang nindakaken serangan mlebet kutha Probolinggo, nanging dalu menika kanca pejuwang ingkang namanipun Dulmanan nemahi cilaka, piyambakipun ingkang jaga wonten ing barisan ngajeng kenging tembake serdhadhu Walanda. Kaleresan Dulmanan boten ngantos tiwas, namung boten sadhar, lan saged kagotong mundur, wangsul dhateng dhusun Kidul Dringu. Dulmanan dipunpapanaken wonten ing langgar sareng kaliyan kanca-kanca pemudha pejuwang sanesipun. Kahananipun Dulmanan dangu-dangu dados siksan tumrap kanca-kanca, amargi Dulmanan ingkang nandhang sakit tansah ngereng-ereng sesambat. Kahanan ingkang mekaten ugi dados *konflik* tumrap Wimbadi kaliyan kanca-kancanipun, ngantos

sami kesah nebih saking langgar sarta pados papan panginepan amargi boten kiyat tansah mireng sesambatipun Dulmanan, dene Dulmanan wonten ing langgar namung dipunopeni dening Dasiyun ingkang tansah setya, dipunkancani dening Kingkinarti.

Ngantos dumugi puncak *konflik* inggih menika nalika kahananipun Dulmanan boten wonten ewah-ewahan, nanging tansah damel kanca-kanca saya kasiksa lan boten kiyat ngadhepi kahanan mekaten, saengga dipunwontenaken pirembagan kangge ngatasi perkawis menika. Rembugan ngasilaken keputusan bilih Dulmanan langkung prayogi dipunpejahi kanthi cara dipuntembak, sinten ingkang nembak katemtokaken kanthi cara lotre. Asilipun kapilih Dasiyun, mitra ingkang setya ngopeni Dulmanan, malah kapatah ugi mungkasi gesangipun Dulmanan. Tumindakipun Dasiyun menika sampun dipunsarujuki dening kanca-kanca pemudha sarta dados wewadi tumrap kelompok nem-neman menika, dipunjaga supados warga desa boten wonten ingkang mangertos.

Dulmanan tiwas, dipuntembak dening Dasiyun migunakaken pistul gadhahipun Wimbadi. Sasampunipun kedadosan menika boten ateges siksan tumrap kanca-kanca pemudha pejuwang menika ugi rampung, nanging malah terus dados siksan ingkang miris ing ati. Dinten salajengipun Dasiyun dipuntemokaken ngglethak ing ngajeng langgar, sampun pejah, bunuh dhiri, migunakaken pistul ingkang ugi sampun mungkasi jiwane Dulmanan. Siksan ugi dipunalami dening kanca-kanca pemudha sanesipun. Basuki kenging siksan sakit malaria. Kusman nginglung, boten waras. Narwata nglalu, dibedhil serdhadhu

Landa. Ananta kacepeng tentara Landa. Mas Adi Waluya kesah amargi wedi tanggungjawab bab gugure Dulmanan. Wimbadi ugi kesah dhateng Sala.

Gesang anyar dipunlampahi dening Wimbadi, ngantos sawijining dinten piyambakipun sumerep tiyang kados Kingkinarti, kenya ingkang dipuntresnani nalika taksih ngungsi wonten ing dhusun kidul Dringu. Sareng dipunsuwunaken pirsa, leres bilih kenya menika Kingkinarti, Wimbadi nyobi nyuwun supados saged pepanggihan malih. Kanthi karep ingkang kenceng, Wimbadi saged sapatemon kaliyan Kingkinarti lan saged ngandharaken pepenginanipun kangge mbangun gesang bebrayan. Kanthi rembugan sarta dipunpenggalih, Kingkinarti nampi Wimbadi dados sisihanipun, Wimbadi ugi narima Kingkinarti sarta jabangbayi ingkang dipunkandhut.

Saking alur cariyos menika saged katingal sawetawis *konflik* ingkang dipunalami dening paragatama, inggih menika Wimbadi. *Konflik* menika tuwuh antawisipun Wimbadi kaliyan kanca-kanca pemudha pejuwang, Wimbadi kaliyan kenya ingkang dipuntresnani, Kingkinarti menapadene kancanipun, Naraindras, saha kaliyan Pak Bakir warga dhusun kidul Dringu. *Konflik* ingkang karembag saking novel menika mligi ingkang dipunalami dening paragatama, ingkang tuwuh amargi wonten sesambetan kaliyan paraga sanesipun, pramila *konflik* menika dipunsebat *konflik sosial*.

Asiling panaliten ngengingi *konflik sosial* ingkang dipunalami dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kaserat wonten ing tabel menika:

**Tabel 1. Asiling Panaliten Wujud *Konflik Sosial*, Perkawis ingkang Njalari *Konflik Sosial*, saha *Sikap*ipun Paragatama nalika Ngadhepi *Konflik Sosial***

| **No.** | **Wujud *Konflik Sosial*** | **Paraga** | **Perkawis ingkang Njalari *Konflik Sosial*** | ***Sikap*ipun Paragatama nalika Ngadhepi *Konflik Sosial*** | **No. *Data*** |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | *Perdebatan* | Wimbadi kaliyan Dulmanan | Beda pamanggih | Tetep ing pamanggih | 1 |
| | | Wimbadi kaliyan Kingkinarti | *Cemburu* | Nyuwun pangapunten | 2 |
| | | Wimbadi, Naraindras, kaliyan Kingkinarti | Salah tampa | Klincutan | 6 |
| | | Wimbadi kaliyan Dasiyun | Beda pamanggih | Tetep ing pamanggih | 7 |
| | | Wimbadi kaliyan Ananta | Beda pamanggih | Mendel | 12 |
| | | Wimbadi kaliyan Narwata | Salah tampa | Mangsuli kanthi jengkel | 13 |
| | | Wimbadi kaliyan Narwata | Beda pamanggih | Boten sarujuk | 14 |
| | | Wimbadi kaliyan Basuki | Tuding-tinuding | Nampik pamanggih | 15 |
| 2. | Padudon (*pertengkaran)* | Wimbadi kaliyan Ananta | Srengen dhateng Wimbadi | Mangsuli kanthi alon | 8 |
| | | Ananta, Kusman, Narwata, kaliyan Wimbadi | Srengen dhateng Kusman | Mlayu medal | 10 |
| 3. | *Kekerasan fisik* | Wimbadi kaliyan Kingkinarti | *Cemburu* | Cepengan dhateng Naraindras | 3 |

**Tabel salajengipun**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Wimbadi kaliyan Basuki | Raos *penasaran* | Boten sabar | 11 |
| 4. | *Sindiran* | Wimbadi, Naraindras kaliyan Kingkinarti | *Cemburu* | Rumaos isin | 4 |
| 5. | *Penolakan* | Wimbadi kaliyan Kingkinarti | Kasetyanipun Kingkinarti | Wani nyobi guneman | 5 |
| | | Wimbadi kaliyan Kingkinarti | Boten tega | Boten marengaken Kingkinarti nggentosi ayahanipun | 9 |
| | | Wimbadi kaliyan Naraindras | Raos pakewuh | Nyobi ngandhani | 16 |
| 6. | *Pengger-takkan* | Wimbadi kaliyan Naraindras | Wimbadi ngraos kadheseg | Nutupi raos welasipun | 17 |
| 7. | Pameksan | Wimbadi kaliyan Pak Bakir | Cubriya | Mbuletaken pacelathon | 18 |

Saking tabel menika katingal bilih wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* paragatama ngalami *konflik sosial* ingkang awujud *perdebatan*, padudon (*pertengkaran*), *kekerasan fisik*, *sindiran*, *penolakan*, *penggertakkan* saha pameksan. *Konflik* menika tuwuh amargi wonten perkawis-perkawis tartamtu ingkang njalari *konflik sosial*, kadosta beda pamanggih, *cemburu*, salah tampa, tuding-tinuding, srengen dhateng tiyang sanes, raos boten *penasaran*, kasetyanipun Kingkinarti, raos boten tega, raos pekewuh, cubriya, lan sanesipun. Mekaten ugi *sikap*ipun paragatama anggenipun ngadhepi *konflik sosial* menika beda-beda, kadhangkala tetep ing pamanggih, mangsuli kanthi jengkel, mangsuli kanthi alon, nampik pamanggih, nyobi ngandhani, mbuletaken pacelathon, nutupi

raos welasipun, saged ugi namung mendel, gumantung kahanan utawi swasana ingkang dipunraosaken dening paragatama menika saha paraga sanes ingkang mlebet wonten ing *konflik* menika.

## B. Pirembagan

Asil saking panaliten menika salajengipun dipunrembag langkung lebet wonten ing bab menika. Wonten tigang perkawis ingkang dipunrembag inggih menika wujud *konflik sosial*, perkawis ingkang njalari *konflik sosial*, saha *sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *konflik sosial* ingkang wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

### 1. Wujud *Konflik Sosial* wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu.*

*Konflik sosial* inggih menika *konflik* ingkang kedadosan wonten ing satengahing masarakat, antawisipun tiyang utawi kelompok setunggal kaliyan sanesipun. *Konflik* menika tuwuh amargi wontenipun *kontak sosial* utawi sesambetan wonten ing gesang sesrawungan. Wujud *konflik sosial* kadosta *perdebatan*, padudon, *sindiran*, lan sanesipun. Dene *konflik sosial* ingkang wonten ing salebeting novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, badhe kaandharaken ing ngandhap menika:

#### a. *Perdebatan*

*Perdebatan* inggih menika salah satunggaling wujud *konflik sosial* ingkang asring kedadosan wonten ing masarakat, mliginipun wonten ing satunggaling pakempalan lan sapanunggalanipun. *Konflik perdebatan* saged tuwuh antawisipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun amargi rebut bener wonten

ing pamanggihipun piyambak-piyambak. Wontenipun *perdebatan* menika ingkang samangke miwiti wontenipun padudon.

Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, paragatama inggih menika Wimbadi wonten sesambetan kaliyan paraga sanes, satemah nuwuhaken *perdebatan*. Saking asiling panaliten kapanggihaken wontenipun *konflik sosial* ingkang dipunalami dening paragatama awujud *perdebatan*, kados ingkang kagambaraken wonten ing pethikan novel menika:

> *Sala akeh arek ayu, ya?"*
> *"Embuh, ya. Kocape lèk Putri Solo iku ayu-ayu, Dul. Tapi nyatane saprene aku esih tetep mbujang aè ngene. Apaa sè pena takon arek ayu? Duwe dhadhakan, tah, ndhuk Sala?" pitakonku sok-sok ya katut nganggo basa Suroboyoan.*
> *"Ya margane aku arek lanang Wim, mangkane takon arek ayu. Arek lanang diwasa lak dikodratna mekir arek ayu-a," ujare.*
> *"Naraindras iku rak ayu, lèk köen tèlèk arek ayu," ujarku.*
> .........................................................................................................................
> *"Naraindras? Iya, dheweke ancènè ayu, Wim. Tapine aku kok aluwung sitokè!"* (kaca 22)

Pacelathon menika antawisipun Wimbadi kaliyan Dulmanan. Kekalihipun nembe kepanggih lan tetepangan wonten ing pangungsen, dhusun kidul Dringu. Nalika pepanggihan, Dulmanan menika taken bab tiyang ayu wonten ing Sala, Wimbadi mangsuli kanthi paring pamanggih. Dulmanan minangka mitra ugi nyarujuki pamanggihipun Wimbadi, nanging Dulmanan piyambak ugi paring pamanggih. Kekalihipun sami-sami gadhah pamanggih wonten ing pacelathon menika, ugi sami-sami tetep ing pamanggihipun. Wimbadi boten sarujuk pamanggihipun tiyang-tiyang menawi putri Solo menika ayu-ayu, amargi menawi leres kenging menapa piyambakipun taksih lajang. Piyambakipun ugi gadhah pamanggih bilih Naraindras menika kenya ayu.

Wonten ing gesang padintenan, *perdebatan* amargi beda pamanggih menika sampun limrah, awit tiyang gesang minangka *individu* mesthi gadhah pamawas ingkang beda kaliyan tiyang sanes. Wonten ing satunggal kahanan, tiyang gesang ugi gadhah *peran* minangka *makhluk sosial*, nalika tiyang menika kedah sesambetan kaliyan tiyang sanes. Bab menika ingkang kedah dipungatosaken, bilih wontenipun sesrawungan nedahaken tiyang minangka individu menika saged njagi *hubungan* kaliyan tiyang sanes, caranipun kanthi ngregani pamanggihipun tiyang sanes.

*Perdebatan* sanesipun ingkang dipunalami dening Wimbadi menika nalika ngadhepi Kingkinarti ingkang saweg *cemburu* menawi Wimbadi caket kaliyan Naraindras, ingkang katingal saking pacelathon mekaten:

> *"Nyuwun pangapura ya Dhik Kingkin, wong Tambur kewan ora ngreti," ujarku karo ngrimuk atine Kingkin.*
> *Kingkin bali nyawang aku. Polatane mrengut. Karo ngangkat janggute nyasmitani polahe Naraindras anggone isih nemplek karo aku. Raine Kingkin kepanasen abang-ireng. Rambute kang diklabang kendho, moreh-moreh sithik ing pilingan disebuli angin midid. Mripate kenceng mandeng mripatku.*
> *"Alah, wong pakone lurahe wè, kewana ya ngreti yen diajani!" dhebate bantas, lambene nganti njudhir-njudhir! Sipate mrengut tetep ana.*
> *Dakkira Kingkin nesu temenan.* (kaca 41)

Wonten ing pacelathon nginggil Wimbadi sampun nyuwun pangapunten, ngadhepi perkawis menika kanthi sareh, nanging Kingkinarti tetep boten narima, piyambakipun tetep nampik omonganipun Wimbadi mekaten: *"Alah, wong pakone lurahe wè, kewana ya ngreti yen diajani!"*.

*Perdebatan* sanesipun kaliyan paraga Kingkinarti ugi katingal wonten ing pacelathon ngandhap menika:

> *Durung oleh wangsulan, ketungka tekane Naraindras. Kingkinarti raine dadi mbrabak abang, terus nyawang ngidul. Mlengos! Buwang mukak! Ngungkurake raiku!*
> *Anyel aku.*
> *"Kokkapakake, Kin, Mas Wim?" pitakone Naraindras mara-mara. Sajak mrina.*
> *"Dakkapakake?" wangsulane Kingkin groyok, raine saya mangar-mangar.*
> *"Lha kuwi dheweke klincutan! Aku krungu kowe nyentak-nyentak! Prekara apa?"*
> *"Ya kono, takonana, dakkapakake, wong wonge ya isih meger-meger ngono!" ujare Kingkin karo menyat terus lunga klepat, ninggalke aku.* (kaca 47)

Perkawis ingkang dipunalami dening Wimbadi sesambetan kaliyan paraga Kingkinarti saha Naraindras, inggih menika nalika Wimbadi guneman kaliyan Kingkinarti lajeng dugi Naraindras ndherek guneman, malah ndadosaken salah tampa ing antawisipun tiyang tiga menika. Wimbadi minangka paragatama, wonten ing *konflik* menika nengahi Kingkinarti kaliyan Naraindras.

*Perdebatan* sanesipun ingkang dipunalami dening Wimbadi inggih menika nalika guneman kaliyan Dasiyun wonten ing sawijining wekdal nindakaken serangan. Ingkang katitik saking pacelathon menika:

> *"Sapa sing ana ngarepe kene, Mas?" pitakone Dasiyun.*
> ..................................................................................................................
> *"Basuki dakkira mentas wae iki mau mundur. Dul Genuk sajake isih gebetheng ana ngarep kana."*
> *"Saiki endi, ya?" pitakone adreng.*
> *"Sapa?"*
> *"Wong lemu iku."*
> *"Arep ngapa kowe?" pitakonku.*
> *"Ngabari yen diprentahake mundur."*
> *"Dheweke rak wis ngreti dhewe."*
> *"Nyatane durung bali."*
> *"Aku ya durung mundur, sanajan ngreti. Golek selane pelor sing pating bleber."*
> *"Iya yen mengkono. Yen ana apa-apa, rak mesakake!"* (kaca 59)

Wimbadi nalika guneman kaliyan Dasiyun nemahi beda pamanggih, Dasiyun gadhah pamanggih bilih piyambakipun kedah ngabari kanca supados mundur, nanging Wimbadi boten sarujuk kanthi pamanggih bilih kanca menika ugi mesthi sampun mangertos piyambak tanpa kedah dipunkabari. Wonten ing *perdebatan* menika Wimbadi tetep ing pamanggihipun, awit saking pacelathon menika katingal bilih Wimbadi boten purun kalah sarta tetep mangsuli menapa kemawon ingkang dipunucapaken dening Dasiyun. Wonten ing perkawis menika paragatama katingal langkung nengenaken *ego* utawi dhiri pribadinipun, nganggep tiyang sanes menika saged tumindak sami kaliyan piyambakipun. Bab menika katitik saking anggenipun celathu *"dheweke rak wis ngreti dhewe"* saha *"aku ya durung mundur, sanajan ngreti ..."*, kanthi celathu mekaten Wimbadi katingal namung duga-duga, nganggep bilih kanca sanes menika saged mangertos tanpa dipunkabari kados piyambakipun ingkang mangertos tanpa dipunkabari, nanging dereng tumindak awit pados wekdal ingkang pas.

Sanesipun Dasiyun ugi wonten paraga sanes ingkang nemahi beda pamanggih kaliyan Wimbadi, nanging Wimbadi piyambak anggenipun ngadhepi *konflik* menika *sikap*ipun sampun beda. Wonten ing satunggaling kahanan inggih menika nalika wonten *perdebatan* kaliyan paraga Ananta, Wimbadi boten mbelani dhirinipun, namung paring pamanggih wonten ing pacelathon menika:

> *"Dhokter Sardadi kabare ngungsi nyang Sukapura," clemong Narwata kandha.*
> ..............................................................................................................
> *"Apa kersa tindak mrene?" pitakone kepala regu.*
> *"Priye yen kene sing mrana?" aku urun rembug.*
> *"Karepmu, nggawa pasien mrana?" ujare kusman.*
> *"Bisa awak remeg, Wim! Salagine ngangkut Dul saka garis depan mrene wae, balungku rasane kaya copot-copota, saiki ana usul nggawa Dul*

> *nyang Sukapura! Mbok! diganjarana Naraindras dadi bojoku aku ya gemang!" Ananta sing ngecuprus.*
> *Aku meneng. Kandhane Ananta pancen bener.* (kaca 97-98)

Wimbadi katingal namung urun rembag, salajengipun pamanggihipun dipuntanggepi kanthi pocapan ingkang kirang sekeca dening Ananta. Pamanggihipun Wimbadi boten dipunsarujuki, nanging wonten ing perkawis menika Wimbadi langkung narima lan mendel, awit piyambakipun rumaos ingkang kaucapaken dening Ananta menika panci leres.

Wonten ing cariyos menika, paragatama langkung kathah ngalami *konflik sosial* ingkang awujud *perdebatan*, boten namung kaliyan satunggal paraga sanes, nanging sawetawis paraga dipuncariyosaken nate nemahi *perdebatan* ingkang wonten gayutipun kaliyan paragatama. Tuladha sanesipun inggih menika paraga Narwata, ingkang kaping kalih nemahi *perdebatan* kaliyan Wimbadi minangka paragatama. Ingkang sepisan katingal wonten ing pethikan novel ingkang mekaten:

> *"Bab nggotonge mengko gampang. Yen kene ora sanggup ya digolekake bau liya. Nanging ngendi prenahe keluwargane Dul kuwi?"*
> *"Dheweke wong Surabaya, Mas," ujarku. "Ora duwe sanak pamili ing dhaerah Republik perjuwangan iki maneh. Aku wis tau dicritani dheweke sengaja ngulandara saparan-paran, ora pati-pati mulih yen Surabaya durung bebas saka cengkeremane penjajah."*
> *"Crita kepatriotan kaya mengkono ora perlu dicritakake ing kene, Wim. Ora bakal ngudhari karuwetane kene," ujare Narwata pedhes.*
> *"Aku ya mung kandha!" wangsulanku semu njengek jengkel.* (kaca 99)

Wonten ing cariyos menika Wimbadi ingkang sajatosipun namung niyat paring *informasi* dhateng kanca-kancanipun, dipuntanggepi beda dening Narwata kanthi guneman ingkang pedhes. Bab menika ndadosaken Wimbadi rumaos jengkel.

Wonten ing kahanan ingkang beda, Wimbadi dipuncariyosaken anggenipun boten cocog kaliyan pocapanipun paraga Narwata wonten ing pacelathon mekaten:

> *"Akur! Akur!" wangsulane Narwata ngijeni.*
> *"Apa sing akur?"*
> *"Dul digawa nyang Probolinggo!"*
> *"Sapa sing nggawa?"*
> *"Ya gotong-royong, kita kabeh!"*
> *"Edan apa?! Emoh! Aku emoh masrahake kamardikanku marang Landa! Nggawa Dul rame-rame menyang rumahsakit Probolinggo, padha wae masrahake awake dhewe pejuwang Republik Indonesia marang Walanda. Aku emoh! Ora wurung aku mengko ditawan dening pasukan Landa sing jaga-jaga sesidheman ing rumahsakit! Emoh!" ujarku ora ngrujuki karep edan-edanan iku.*
> *"Aku ya emoh! Ngulungake uceng kelangan deleg iku jenenge! Emoh!" ujare Basuki.*
> *"Aku sing nggawa. Karo Nanta!", kandhane Narwata mata gelap.*
> (kaca 102)

Wonten ing pacelathon menika Wimbadi ngetingalaken raos anggenipun boten cocog kanthi tetembungan *"Edan apa?! Emoh!..."* ingkang katujokaken dhateng pamanggihipun Narwata. Tembung "emoh" menika kemawon sampun nuduhaken raos boten sarujuk, nanging kanthi dipunsukani tembung "edan" kanthi suraos mbangetaken menika saged ndadosaken raos ingkang beda tumrap tiyang ingkang dipunajak guneman. *Konflik* kados mekaten menika limrah wonten ing sawijining pirembagan, sinten kemawon pareng paring pamanggih, pareng ugi tiyang menika boten sarujuk kaliyan pamanggihipun tiyang sanes, nanging ugi kedah dipunaturaken kanthi cara saha pocapan ingkang pantes.

Sanesipun menika paraga Wimbadi ugi ngalami *perdebatan* kaliyan paraga Basuki wonten ing salebeting pirembagan sareng kaliyan kanca pemudha. Wonten ing pirembagan menika Basuki nunjuk Wimbadi ingkang kapatah

nembak, nanging Wimbadi nulak, boten sarujuk, pramila tuwuh *perdebatan* kados ingkang kaserat wonten ing pethikan novel menika:

> *"Sapa wani mbungkem?! Sapa wani mateni?! Mateni ateges nylametake wong samene saka lara edan!" ujare Ananta.*
> *"Wimbadi kon nembak wae, nganggo pistule iku!" usule Basuki.*
> *"Edan apa?!" wangsulanku. "Enyoh iki pistulku. Tembaken dhewe yen kowe wani!"*
> *Pistul dakbuwang ing tengah pasamuwan.*
> *Kabeh mripat tumuju marang pistul, pistul sing wis tau mateni wong loro, sing dakweruhi. Nanging saiki ora ana sing gelem nyekel.* (kaca 104)

Kahanan ing ewuh saged dados jalaran tuwuhipun *perdebatan*, gumantung kadospundi *sikap*ipun paraga anggenipun ngadhepi *konflik* menika. Wimbadi minangka paragatama dipuncariyosaken ngalami *perdebatan* kaliyan sawetawis paraga. Menawi dipuntingali wonten ing gesang padintenan, satunggal tiyang ugi saged ngalami *konflik* ingkang sami kaliyan tiyang-tiyang ingkang beda, wonten ing kahanan ingkang beda.

**b. Padudon (*Pertengkaran*)**

*Padudon* menika tegesipun cecongkrahan, pasulayan antawisipun tiyang kalih utawi langkung amargi satunggaling perkawis. Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kapanggihaken *konflik sosial* awujud padudon ingkang dipunalami dening paragatama Wimbadi. Bab menika katitik saking pethikan novel ingkang mekaten:

> *Awake Dul arep ceblok, marga timbangane momotan abot-sih. ...*
> *"Wim! Kowe ki priye, ta?! Tujune wae bakoh olehku nggujengi. Andhuka rak ngglundhung!" pambengoke Ananta nesoni aku, marga anggonku nyekeli tandhu mrucut.*
> *"Ssstt!! Aja seru-seru! Awake dhewe iki ora adoh saka dalan gedhe!" ana kanca sing nyaru.*
> *"La wong Wimbadi, kaya wong kaliren ngono nggone ngangkat!" Ananta tetep srengen.*

> *"Ora maido, Ta. Pancen kahanane rekasa," Narwata ngewangi aku.*
> *"La ngonoa yen kesel mbok njaluk ganti"*
> *Aku enggal diganti Basuki.*
> *"La wong kringeten," ujarku alon-alon mangsuli. "Pucuk bedhil tandhu iku lunyune nggak jamak."* (kaca 66-67)

Wonten ing pacelathon nginggil menika Wimbadi ngadhepi satunggaling padudon kaliyan Ananta nalika nemahi kahanan ingkang rekasa, inggih menika nalika sesarengan kaliyan kanca pemudha gotong royong mbeta Dulmanan wangsul dhateng pangungsen. Wimbadi ngadhepi perkawis menika namung mangsuli alon, *"La wong kringeten," ujarku alon-alon mangsuli. "Pucuk bedhil tandhu iku lunyune nggak jamak."* . Wangsulan ingkang mekaten ngetingalaken bilih paragatama menika saged ngadhepi *konflik sosial* ingkang awujud padudon menika kanthi sareh.

Boten namung menika, anggenipun Wimbadi gesang srawung kaliyan kanca pemudha pejuwang asring nemahi *konflik*. Sanajan sanes Wimbadi ingkang murugaken *konflik* nanging Wimbadi ugi nate mlebet wonten ing satunggaling *konflik* padudon, katingal saking pethikan novel menika:

> *Wong-wong padha meneng. Ora sida muluk sega. Ngenteni Kusman. Lan bareng Kusman teka, cluluk ing ngarep lawang, "Dul wiwit sambat-sambat maneh! Keprungu ka ngisor wit kluwih kana."*
> *Klonthang! Ananta mbuwang enthong sing arep dienggo njupuk sega. Ora ana sing alok liya. Kabeh meneng.Kusman lungguh karo nerusake kandhane, "Daktiliki nyang langgar, dheweke pancen wis sambat-sambat maneh. Dasiyun karo arek wedok kae wis iwut ngompres bathuke Dul."*
> *"Kena apa ndadak koktiliki barang?! Lan kena apa kokcritakake barang?!" sentake Narwata nepsu banget. "Ora ngenak-enaki wong mangan wae."*
> *"Ora bisa diempet, Nar! Aku otomatis nyedhaki langgar. Kaya kena hipnotis!" bantahe Kusman.*
> *Ananta ngadeg, terus metu. "Aku ora bisa mangan!" ujare.*
> *Wetengku ya terus krasa muneg-muneg. Aku mlayu metu terus blokekan mutah-mutah, marga kelingan ambune langgar. ...*
> *"Ngapura," ujarku njaluk ngapura.*

> *Kanca-kanca ora ngrewes. Kabeh semburat ora karuwan parane. Wurung mangan.* (kaca 89–90)

Dipuncariyosaken Wimbadi mlebet wonten ing kahanan ingkang ewed. Kados adat saben, Wimbadi sarta kanca-kanca pemudha nedha sesarengan jatah tetedhan kangge pengungsi, nanging kahanan semanten malik nalika Kusman dumadakan dugi kanthi cariyos bab ingkang kirang sekeca dipunpirengaken. Perkawis menika damel Wimbadi sarta kanca-kanca srengen marang Kusman sarta ndadosaken perkawis menika tumuju dhateng wontenipun *konflik* padudon. Wimbadi minangka paragatama ndherek mlebet wonten ing *konflik* menika sanajan boten secara langsung.

Perkawis ingkang wonten ing satengahing masarakat, sae perkawis ingkang ageng menapadene namung perkawis ingkang alit menika boten saged dipunuwalaken saking *konflik sosial*. Wontenipun perkawis antawisipun tiyang utawi kelompok setunggal kaliyan sanesipun saged nuwuhaken *konflik sosial* wonten ing masarakat. *Konflik sosial* kadosta padudon utawi cecongkrahan menika ugi saged kadadosan wonten ing gesang padintenan, nanging ingkang kedah dipunmangertosi inggih menika caranipun ngadhepi *konflik* menika supados boten ndadosaken *konflik* langkung panjang.

**c. *Kekerasan fisik***

*Kekerasan fisik* kalebet salah satunggaling wujud *konflik sosial*. *Kekerasan fisik* menika saged kedadosan amargi perkawis ingkang tuwuh mindhakaken *emosi*nipun tiyang ingkang ngadhepi *konflik* menika. *Kekerasan fisik* ateges ngginakaken anggota badanipun kangge nyakiti *fisik* tiyang sanes. Limrahipun bab menika katindakaken amargi tiyang menika ngraos kadheseg,

mbela dhiri, kapeksa, rumaos boten remen utawi gumreget kaliyan tumindakipun tiyang sanes.

Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, paragatama Wimbadi dipuncariyosaken nate ngalami *kekerasan fisik* ingkang katindakaken dening paraga Kingkinarti. Bab menika katitik saking pethikan novel ing ngandhap menika:

> *Nanging mara-mara ndadak aku dijorogake dening Kingkin kang nekad nabrak aku, dijorogake marang Naraindras sing isih ana cedhakku, nganti aku lan Naraindras tabrakan, tutukku jadhugan karo bathuke Naraindras. Aja nganti tiba ambruk, tanganku otomatis golek gujengan apa wae, ya nggrayangi awake Naraindras sakecandhake.* (kaca 42)

Saking perangan nginggil dipuncariyosaken *kekerasan fisik* ingkang dipunalami dening paragatama, piyambakipun dipunjorogaken dening Kingkinarti dhateng Naraindras. Kingkinarti nindakaken menika dhateng Wimbadi ugi wonten pawadanipun ingkang njalari tumindak nekadipun. Wimbadi ngadhepi tindakan menika kanthi gragapan, amargi piyambakipun kaget lan boten siyaga, namung usaha supados piyambakipun boten dhawah.

Tiyang saged nindakaken *kekerasan fisik* kanthi dipunrencana, saged ugi amargi *reflek* nanggepi tumindakipun tiyang sanes tanpa duga-duga. Kados ingkang dipuntindakaken dening Kingkinarti tumrap Wimbadi menika sajatosipun tumindak ingkang tanpa duga-duga, pawadanipun amargi rumaos *cemburu* dhateng tumindakipun Naraindras ingkang caket-caket kaliyan Wimbadi. Wonten malih perkawis ingkang murugaken *kekerasan fisik*, nanging ing bab menika ingkang nindakaken Wimbadi piyambak dhateng paraga sanes, inggih menika

Basuki. Pethikan novel ing ngandhap menika nggambaraken *konflik sosial* ingkang awujud *kekerasanfisik* ingkang katindakaken dening paragatama.

> *"Bas! Kena apa kowe nyedhaki aku terus? pitakonku.*
> *"Aku seneng cedhak kowe, Wim. Rumangsaku anget, aman."*
> *"Nanging kena apa kowe melu-melu nyauti gunemku prekara Kusman?"*
> *"Lo, mongsok aku? Narwata sing lungguh cedhak cagak mau."*
> *"Lan bab Kingkinarti. Kowe ngreti apa bab dheweke?"*
> *Basuki ngingeti aku. Banjur mesem, "Upama zaman aman ngono, dakwanekakake atiku nemoni Pak Sundara. Kingkinarti daksuwun. Elek ritek ora dadi ngapa, nyatane kasetyane kena dijago!"*
> *Aku ora sabar. Dheweke dakcandhak gulune, terus dakoyong-oyong!*
> *"Kowe aja edan! Ayo, kandhaa, kowe ngreti apa?!" ujarku.*
> *Basuki kaget. "Ngreti apa, Wim? Aku mung ngreti yen Kingkinarti kerep hubungan karo Dasiyun. Dheweke arèke Dasiyun, iku wis genah! Dulmanan iku sing kerep ngonangi! Aku mung mèri, mèri karo Dasiyun wandu iku. Satemene Kingkin pancen èlèk, ora ana sing gelem. Nanging aku eman yen cah bekti kaya ngono dipèk Dasiyun! Cumak iku!"*
> *Tanganku dakculake. Saiki aku sing kaget.* (kaca 94)

Wimbadi tumindak mekaten amargi kadheseg raos *penasaran*ipun dhateng solah tingkahipun Basuki ingkang tansah caket kaliyan piyambakipun. Tumindak ingkang mekaten ugi saged kedadosan dhateng sinten kemawon menawi wonten ing kahanan kadheseg utawi kaget. Tindakan menika minangka *respon spontan* ingkang katindakaken tanpa sadhar sarta tanpa dipunrencana.

**d. *Sindiran***

*Sindiran* kalebet *konflik sosial* awujud tetembungan ingkang katujokaken dhateng tiyang sanes ingkang nyasmitani raos boten remen sarta ngemu suraos ngece-ece utawi ngewa-ewakaken. Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, paragatama ugi ngalami *sindiran* menika. Piyambakipun dipun*sindir* dening Kingkinarti, ingkang katitik saking pethikan novel menika:

> *Bubar njorogake aku, aku lan Naraindras kesingkir, Kingkin banjur nutugake laku sing dhang-dhangane wis sumingkir, mlayu ngethipleng*

> *turut galengan karo bengok-bengok, "Tambur! Tambur! Tambur! Mrenea, aja ngrusuhi wong ngroman ijen cah loro! Tambur!" Terus mlayu turut galengan karo undang-undang ngono. Ora wedi karo asu, malah mbebeda ngajak kekancan. Lan Tambur asu lulut pancen sajake ya wis tepung becik karo Kingkinarti.*
> ........................................................................................................................
> *Aku malah isin banget. Rumangsa dilulu dikon ngayoni penantang kang ndhemenake. Ngumbar nafsu. Aku mundur, usaha misahake awak, nyegah kasembranan.* (kaca 42)

Kingkinarti ngadhepi kahanan ingkang boten dipunremeni, inggih menika nalika nyumerepi Wimbadi caket-caket kaliyan Naraindras. Piyambakipun ngraos *cemburu* dhateng tiyang kekalih menika, nanging amargi boten kepengin ngandharaken pikajenganipun utawi raos boten remenipun kanthi langsung, piyambakipun nyasmitani kanthi tetembungan "*Tambur! Mrenea, aja ngrusuhi wong ngroman ijen cah loro!*".

*Sindiran* menika asring dipunginakaken tiyang kangge munjukaken raos boten remen dhateng tiyang sanes. Kados sampun limrah menawi tiyang migunakaken sasmita nalika ngandharaken raosipun, sae menika raos remen menapadene boten remen dhateng tiyang sanes, nanging menawi *sindiran* menika langkung katuju kangge ngandharaken raos boten remen.

**e. *Penolakan***

*Penolakan* kalebet wujud *konflik sosial*. *Penolakan* menika satunggaling cara nampik utawi boten nuruti tumrap panyuwunan, pamanggih, menapadene tumindakipun tiyang sanes. Saking asiling panaliten tumrap novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, katingal bilih paragatama nate nindakaken *penolakan*, ugi nate ngalami *penolakan* saking paraga sanes. Pethikan novel ing ngandhap menika nggambaraken nalika paragatama ngalami *penolakan* saking paraga Kingkinarti.

> *"Tenan kok. Aku kandha terusing ati! Gulune dawa, nanging pundhake mlempu. Sapa Dhik Kingkin, sing nduwe?"*
> *"Iki aja edan-edanan, lo! Mesthi kok ngono!"*
> *"Wis dakrancang, lan wis kebacut dakucapake. Oleh ya kandhaku dakterusake? Aku arep ngomongake isine atiku ..."*
> *"His! Wis Mas Wim! Wis, wis, jangan main kayu!!!" ujare sentak.*
> *Aku kaget! Mesthi wae kaget! Marga rumangsaku wis dakalus-alusake antawecanaku, jebul direken main kayu! Nanging aku dhewe ya terus gela ngonangi polahku.*
> *"Oh, ngapura!"*
> ........................................................................................................................
> *Sawise dakwaca sasmitane pandeng ulat mengkono sawetara, sajak nesune ora tenan, mung bisa uga marga kaget, aku wani maneh nyambung gunemku, "Dhik Kingkin. Bisa uga solahku iki main kayu. Bisa uga aku kasar! Nanging iku marga aku ora bisa ngecakake niyat. Niyatku tumama marang Dhik Kingkin, trusing ati. Wis pirang-pirang dina iki atiku kepranan banget ...!"*
> *"Kayu ada apinya," panugele kenya iku kanthi tatag, pancerenge mripat panggah ora kendho. "Jangan main sama aku. Aku ada yang punya!"*
> *Aku ndlongop!* (kaca 45-46)

Dipuncariyosaken bilih Wimbadi kepranan tresna dhateng Kingkinarti, lan ing satunggaling wekdal Wimbadi ngandharaken sedyanipun dhateng Kingkinarti, nanging Kingkinarti nulak. Katingal saking tetembunganipun Kingkinarti inggih menika *"Kayu ada apinya", "Jangan main sama aku. Aku ada yang punya!"*. Sasmita menika minangka wujud *penolakan* bilih piyambakipun boten saged nampi tresnanipun Wimbadi, amargi piyambakipun sampun dados gadhahipun tiyang sanes.

Wonten ing kahanan sanes, Wimbadi minangka paragatama ugi nate nindakaken *penolakan* sesambetan kaliyan paraga Kingkinarti. Bab menika saged dipuntingali saking pethikan novel ing ngandhap menika:

> *Kingkin teka ora mung tilik lamis. kingkin dudu jururawat cekel ijazah, nanging tandange kena dipek gawene, mitayani.*
> *"Kene, Mas, dakganti," ujare marang aku.*
> *"Aja! Aja kowe. Abot iki. Ngusapana kringete Dul wae. Ben wong lanang sing ngganti aku."*

> *"Abot ya ben, dakcobane," karepe Kingkin arep nekat.*
> *"Muspra, Dhik. Ora wurung baumu mengko sengkleh. Lan Dul ora bisa kepenak," ujarku.* (kaca 83)

Nalika Wimbadi saweg nindakaken ayahanipun kangge njagi Dulmanan, Kingkinarti sajak gadhah karep badhe mbiyantu kanthi nggentosi Wimbadi kangge njagi Dulmanan. Pikajengipun Kingkinarti menika dipuntolak dening Wimbadi amargi Wimbadi rumaos gadhah tanggel jawab minangka tiyang jaler ingkang gadhah kekiyatan langkung kangge ngreksa Dulmanan ingkang nandhang cilaka. *Penolakan* dhateng pikajengipun Kingkinarti menika sanajan kanyatakaken kanthi blaka saha wantah inggih menika migunakaken tembung "aja", nanging *penolakan* menika gadhah ancas kangge kasaenanipun Kingkinarti, awit Wimbadi rumaos boten tega dhateng Kingkinarti. Sanesipun menika, sanajan Wimbadi menika nulak, nanging piyambakipun ugi paring pamrayogi supados Kingkinarti nindakaken ayahan sanesipun. Bab menika ndadosaken *penolakan* menika boten katingal kasar.

Wonten mangsanipun *penolakan* menika dipuntindakaken amargi raos boten remen utawi raos boten tega, nanging *penolakan* ugi saged katujokaken kangge mbelani bab ingkang leres. Kados nalika Wimbadi sesambetan kaliyan paraga Naraindras, ingkang katingal wonten ing pethikan novel mekaten:

> *Naraindras marani aku, nalika iku aku uga ngematake lakune.*
> *"Dakkancani, ya, Mas. Bèn ora ijen. Ora kesepen lan nemu kanca."*
> *"Mengko yen konangan wong kampung priye? Kene kampung santri, lo!"*
> *"La ya wis bèn, wong ora apa-apa wè, kok. Yen diterka sir-siran ya ora papa, ta, wong mung sir-siran."*
> *"Kampung kene keras ki, adate prekara sesrawungane jalu lan wanita," kandhaku tetep njaga kabecikane tata-cara masyarakat kidul Dringu kono.*
> *"Adat kene pancen ngono. Nanging aku lan panjenengan wong kutha sing wis kadhidhik sesrawungan bebas, rak iya kudu padha maklum."*

> *"Wong sing waskitha ora bakal ngendika mengkono, Dhik Indras. Wong sing waskitha bisa manjing ajur-ajèr, tegese urip ing banyu dadi banyu, urip ing geni dadi geni. Dadi kita urip ing kampung santri ya kudu wani urip cara santri," ujarku.*
> *"Ora kok karepku nrajang angger-angger kampung, nanging wong kene mesthine ana ambeg pangapurane upama nemoni kelakuan-kelakuane wong kutha kang beda karo adat kene," ujare karo mesem. Sajake omong-omong iki mung dianggep guyon.* (kaca 129–130)

Wimbadi nulak dipunkancani dening Naraindras amargi njagi pranatan ingkang katrapaken wonten ing kampung pangungsen, inggih menika ing bab sesrawungan tiyang jaler kaliyan estri.

*Penolakan* katindakaken dening Wimbadi kanthi alus ancasipun supados boten nyakiti manahipun Naraindras, nanging Naraindras piyambak malah sangsaya nekad saha meksa Wimbadi. Sepisan malih Wimbadi nyobi ngandhani, nanging dening Naraindras guneman menika kados namung kaanggep guyon. Menawi wonten perkawis kados ingkang dipunalami dening Wimbadi menika, saking *penolakan* saged nuwuhaken *konflik* sanes inggih menika *penggertakan*, awit *penolakan* kanthi cara alus dereng saged ngrampungaken perkawis.

Tiyang gesang menika kedahipun gadhah raos *toleransi* dhateng tiyang sanes, bab menika saperlu kangge njagi sesambetan tiyang setunggal kaliyan sanesipun. *Sikap* empan papan ugi kedah dupungatosaken dening sinten kemawon wonten ing gesang sesrawungan. *Penolakan* minangka wujuding *konflik sosial* saged ndadosaken perkawis langkung ageng, saged ugi ngleremaken perkawis, gumantung caranipun tiyang menika ngadhepi *konflik*. *Penolakan* saged katindakaken tanpa dados satunggaling *konflik* menawi katindakaken kanthi raos *toleransi* saking kalih pihak, mekaten ugi menawi kangge kasaenaning sesambetanipun tiyang setunggal lan sanesipun wonten ing pasrawungan.

**f. *Penggertakan***

*Penggertakan* kalebet salah satunggaling wujud *konflik sosial* ingkang migunakaken tetembungan ingkang kasar utawi ngemu suraos ancaman ingkang dipunwujudaken mawi swara ingkang sora sarta nyentak. Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu, konflik sosial* ingkang awujud *penggertakan* katingal wonten ing pethikan novel mekaten:

> *"O, iya! Kena apa ta kabeh kuwi mau, Mas? Penguburane Dulmanan mau prasaku kok aneh banget! Apa bener jare Dulmanan dipateni kanca kene dhewe, iya, Mas?" ndremimil pitakone Naraindras.*
> *Saiki aku kaget tenan! Ora wurung wewadi iku bocor! Wewadi yen Dul Genuk dipistul kanca dhewe! Sapa sing mbocorake? Dasiyun dhewe? Dasiyun blaka marang arèkè? Saiki rekasa anggonku nutupi wadi. Aku kudu golek reka daya supaya Naraindras ora ngangseg aku. ..........................................................................................................................*
> *"Iya, Mas?" pitakone Naraindras ndheseg. ...*
> *"Dhik Indras! Kowe ki ngomong apa? Sapa kandha kaya ngono?! Hèh?!"*
> *Ora dakkira! Daksentak mengkono iku Naraindras kaget banget. ...*
> *Atiku welas, nanging ora daktuduhake. Sawise sawetara wektu dekpencerengi, aku clathu alon, ...* (kaca133–134)

Kedadosan menika kawiwitan saking Naraindras ingkang pitaken bab penguburanipun Dulmanan dhateng Wimbadi, amargi Naraindras rumaos wonten kedadosan ingkang *aneh*. Pitakenan menika ndadosaken Wimbadi kaget, amargi ingkang dipuntakenaken menika perkawis ingkang wadi. Salajengipun perkawis menika nuwuhaken *konflik penggertakan* ingkang katindakaken dening Wimbadi dhateng Naraindras.

**g. Pameksan**

Pameksan inggih menika satunggaling wujud tindakan meksa, kanthi cara ndheseg, nedahaken tiyang nindakaken utawi narima bab ingkang beda kaliyan kekarepanipun. Pameksan menika kalebet satunggaling wujud *konflik sosial*.

Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kapanggihaken satunggaling wujud pameksan, inggih menika ingkang dipunalami dening Wimbadi minangka paragatama, kados ingkang sinerat wonten ing pethikan novel menika:

> *"Nak Wim. Sampeyan blaka mawon. Pejahe Dulmanan niku dospundi?"*
> *Dheg, atiku! Pitakon iku luwih abot sanggane tinimbang pitakon sing metu saka lambene Naraindras. Nanging sing nyumpegake ati, kenapa wong-wong kampung padha takon prekara iku?*
> *"Wonten napa Pak Bakir kok ngantos taken mekaten?" wangsulanku arep mbulet.*
> *"Ningali kedadean-kedadean sabibare Dulmanan pejah, kula nginten yen Dulmanan mboten pejah sabaene. Cobi dipikir. Dasiyun bunuh dhiri. Kusman nginglung. Basuki kimat sakite...."*
> *"Dulmanan pejah margi kenging tembak. Lan tiyang-tiyang niku onya pikire margi mboten kwawi ningali Dulmanan sekarat kalih dalu tanpa kendel!" kandhaku nyigeg rembuge Pak Bakir.*
> *Pak Bakir meneng. Dheweke ora lega nampa wangsulan apus-apus iku. Dheweke krengkang-krengkang ngadeg karo ngunjal napas. Sajak ana sing dadi jengkele ati.* (kaca 142–143)

Saking pethikan menika dipuncariyosaken nalika Wimbadi dipunpanggihi dening Pak Bakir, ingkang kepengin mangertos cariyos saking Wimbadi bab pejahipun Dulmanan. Wontenipun perkawis menika ndadosaken Wimbadi kaget amargi bab pejahipun Dulmanan menika dados wadi tumrap kelompok pemudha pejuwang, nanging warga dhusun, kalebet Pak Bakir menika sampun *curiga* menawi wonten bab ingkang boten beres ing antawisipun kelompok pemudha pejuwang.

Pameksan ingkang dipuntindakaken dening Pak Bakir dhateng Wimbadi katingal saking pitakenanipun, inggih menika *"Nak Wim. Sampeyan blaka mawon. Pejahe Dulmanan niku dospundi?"*. Pak Bakir meksa Wimbadi supados blaka, nyariyosaken ingkang sampun kedadosan nalika Dulmanan pejah. Amargi ngraos kadheseg, Wimbadi namung gantos pitaken dhateng Pak Bakir. Menika katindakaken dening Wimbadi minangka upaya kangge mbulet saking

pirembagan, nanging Pak Bakir ngcubriya, piyambakipun terus ndheseg kanthi nyariyosaken perkawis ingkang dados penggalihipun. Wimbadi ingkang sampun sedya njaga wewadi menika mangsuli kanthi wangsulan apus-apus lan tetep boten blaka.

## 2. Perkawis ingkang Njalari *Konflik Sosial* wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu.*

*Konflik sosial* saged tuwuh jalaran wonten satunggaling prastawa utawi perkawis ingkang ndhasari, dados wonten gegayutan antawisipun *konflik sosial* kaliyan perkawis utawi prastawa ingkang kedadosan minangka *sebab-akibat*. Mekaten ugi *konflik sosial* ingkang dipunalami dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* menika dipunsebabaken wontenipun perkawis, inggih menika:

### a. Beda pamanggih

Beda pamanggih menika perkawis ingkang limrah wonten ing satengahing masarakat amargi wontenipun *komunikasi* utawi *hubungan* antawisipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun. Saben tiyang minangka *individu* saged gadhah pamanggihipun piyambak-piyambak ingkang beda kaliyan tiyang sanes, nanging wonten ing gesang srawung kaliyan masarakat, *individu* menika kedah saged dados *makhluk sosial*, tegesipun saged ngregani tiyang sanes, ugi ing pamanggihipun. Tiyang ingkang boten gadhah raos ngregani, mliginipun dhateng pamanggihipun tiyang sanes, menawi nemahi beda pamanggih menika saged dados jalaran tuwuhipun *konflik sosial*. Mekaten ugi ing novel *Kadurakan ing*

*Kidul Dringu*, wontenipun beda pamanggih menika njalari tuwuhipun *konflik perdebatan*.

*Perdebatan* ingkang tuwuh amargi wontenipun beda pamanggih menika dipunalami nalika paragatama Wimbadi sesambetan kaliyan paraga Dulmanan, Dasiyun, Ananta, sarta Narwata. Nalika *perdebatan* kaliyan Dulmanan, pamanggihipun Wimbadi inggih menika *"Naraindras iku rak ayu, lèk köen tèlèk arek ayu," ujarku.* Piyambakipun gadhah pamanggih bilih Naraindras menika kenya ayu, nanging beda kaliyan pamanggihipun Dulmanan ingkang milih kenya sanes ingkang langkung ayu. Beda malih pamanggihipun Wimbadi nalika wonten ing sawijining *perdebatan* kaliyan Dasiyun. Wonten ing wekdal serangan Dasiyun gadhah karep kangge paring warta kangge Dulmanan supados mundur, nanging dipuncegat dening Wimbadi kanthi celathu *"Dheweke rak wis ngreti dhewe."*, lajeng mangsuli malih mekaten: *"Aku ya durung mundur, sanajan ngreti. Golek selane pelor sing pating bleber."*. Wonten ing perkawis menika Wimbadi gadhah pamanggih bilih Dasiyun boten perlu paring warta kangge Dulmanan, amargi mesthinipun Dulmanan sampun mangertos, kadosdene piyambakipun ugi sampun mangertos nanging dereng mundur amargi pados selane pelor. Beda kaliyan pamanggihipun Dasiyun ingkang tetep sedya badhe paring warta kangge Dulmanan.

Wonten ing kahanan sanes nalika Wimbadi ngadhepi *perdebatan* kaliyan Ananta ing sawijining pirembagan, Wimbadi paring pamanggih *"Priye yen kene sing mrana?"*. Beda kaliyan Ananta ingkang boten nyarujuki pamanggihipun Wimbadi, piyambakipun celathu: *"Bisa awak remeg, Wim! Salagine ngangkut*

*Dul saka garis depan mrene wae, balungku rasane kaya copot-copota, saiki ana usul nggawa Dul nyang Sukapura! Mbok! diganjarana Naraindras dadi bojoku aku ya gemang!”*. Ananta boten sarujuk amargi sampun nate nemahi susah nalika nulungi Dulmanan saking kacilakan. Ananta ugi gadhah pamanggih senajan tetulung menika dipunganjar nggarwa Naraindras piyambakipun tetep boten purun.

Dene beda pamanggih antawisipun Wimbadi kaliyan Narwata menika nalika saweg dipunwontenaken pirembagan kangge nulungi Dulmanan. Pirembagan menika nemahi *perdebatan* antawis kekalihipun, Narwata ingkang gadhah pamanggih bilih anggenipun nulungi menika kanthi gotong royong saking sedaya, celathunipun mekaten: *“Ya gotong-royong, kita kabeh!”*. Pamanggih menika katampik dening Wimbadi, piyambakipun boten nyarujuki karep ingkang edan-edanan menika.

> *“Edan apa?! Emoh! Aku emoh masrahake kamardikanku marang Landa! Nggawa Dul rame-rame menyang rumahsakit Probolinggo, padha wae masrahake awake dhewe pejuwang Republik Indonesia marang Walanda. Aku emoh! Ora wurung aku mengko ditawan dening pasukan Landa sing jaga-jaga sesidheman ing rumahsakit! Emoh!” ujarku ora ngrujuki karep edan-edanan iku.* (kaca 102)

Wimbadi gadhah pamanggih bilih tindakan ingkang dipunusulaken dening Narwata menika sami kemawon masrahaken badanipun piyambak dhateng penjajah Walanda.

**b. *Cemburu***

*Cemburu* inggih menika gadhah pandakwa utawi raos boten remen dhateng tiyang sanes ingkang angsal kabegjan linuwih. Raos *cemburu* menika

saged katujokaken dhateng tiyang ingkang boten dipunremeni amargi tiyang menika langkung begja tinimbang dhirinipun, sarta saged ugi dhateng tiyang ingkang dipunremeni utawi dipuntresnani amargi tiyang menika langkung remen, tresna utawi caket kaliyan tiyang sanes. Kados ingkang kapanggihaken wonten salebeting novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, wonten paraga Kingkinarti ingkang sesambetan kaliyan paragatama inggih menika Wimbadi. Dipuncariyosaken bilih Kingkinarti ingkang sampun dados gadhahipun tiyang sanes nanging gadhah raos tresna dhateng Wimbadi. Wonten satunggaling *perdebatan* antawisipun Wimbadi kaliyan kingkinarti ingkang tuwuh amargi raos *cemburu,* kados ing ngandhap menika:

> *Kingkin bali nyawang aku. Polatane mrengut. Karo ngangkat janggute nyasmitani polahe Naraindras anggone isih nemplek karo aku.* (kaca 41)

Saking pethikan nginggil Kingkinarti mujudaken raos *cemburu* kanthi sasmita wonten ing tumindakipun, inggih menika kanthi nyawang Wimbadi saha polatanipun mrengut. Piyambakipun tumindak mekaten amargi sumerep Naraindras nemplek dhateng Wimbadi. Piyambakipun boten remen menawi wonten kenya sanes caket kaliyan Wimbadi. Raos *cemburu* ugi saged nuwuhaken tumindak ingkang kirang sae, kadosta *kekerasanfisik* ingkang dipuntindakaken Kingkinarti dhateng Wimbadi, wonten ing pethikan menika:

> *Nanging mara-mara ndadak aku dijorogake dening Kingkin kang nekad nabrak aku, dijorogake marang Naraindras sing isih ana cedhakku, nganti aku lan Naraindras tabrakan, tutukku jadhugan karo bathuke Naraindras.* (kaca 42)

Kingkinarti njorogaken Wimbadi dhateng Naraindras, bab menika katindakaken sajatosipun kanthi karep supados Wimbadi mangertos bilih Kingkinarti boten

remen nyumerepi Wimbadi caket kaliyan kenya sanes. Menawi dipungatosaken ingkang dipuntindakaken Kingkinarti kanthi tumindak njorogaken menika malah sajatosipun ndadosaken Wimbadi saya nemplek dhateng Naraindras, nanging bab menika sasmita bilih ingkang dipunkajengaken dening Kingkinarti menika kepengin tiyang kekalih boten caket-caket malih. Bab menika langkung dipuncethakaken malih dening Kingkinarti kanthi *sindiran* mekaten:

> *Kingkin banjur nutugake laku sing dhang-dhangane wis sumingkir, mlayu ngethipleng turut galengan karo bengok-bengok, "Tambur! Tambur! Tambur! Mrenea, aja ngrusuhi wong ngroman ijen cah loro! Tambur!" Terus mlayu turut galengan karo undang-undang ngono. Ora wedi karo asu, malah mbebeda ngajak kekancan.* (kaca 42)

Kingkinarti paring *sindiran* dhateng Wimbadi kanthi ngundang-undang saha celathu dhateng segawon gadhahipun Wimbadi. Kingkinarti paring prentah dhateng segawon supados boten ngganggu Wimbadi ingkang saweg ngroman kaliyan Naraindras. Dene ing sanyatanipun Wimbadi menika pancen saweg pepanggihan kaliyan Naraindras, sanes amargi ngroman nanging amargi saderengipun Wimbadi menika dipunjorogaken dening Kingkinarti dhateng Naraindras ngantos badhe rubuh kekalihipun. Bab menika cetha minangka *sindiran* amargi ingkang kaucapaken dening Kingkinarti menika kanthi tetembungan sewalikipun saking ingkang kedadosan, utawi boten sanyatanipun.

### c. Salah tampa

Salah tampa nalika tiyang sesambetan kaliyan tiyang sanes menika limrah *menawi* kedadosan wonten ing masarakat. Bab menika amargi wonten *hubungan* sarta *komunikasi* ing antawisipun tiyang-tiyang menika. Salah tampa saged dados perkawis ingkang njalari tuwuhipun *konflik sosial*. Paragatama wonten ing novel

*Kadurakan ing Kidul Dringu* ugi ngalami *konflik sosial* awujud *perdebatan* jalaran wonten salah tampa kaliyan paraga sanes, inggih menika paraga Naraindras kaliyan Kingkinarti, saha Narwata.

Wonten ing *perdebatan* kaliyan Naraindras saha Kingkinarti, paragatama dados tiyang ingkang nengahi antawisipun Naraindras kaliyan Kingkinarti amargi piyambakipun gadhah sesambetan kaliyan tiyang kekalih menika. Wujud wontenipun salah tampa ingkang nuwuhaken *konflik* menika katingal wonten ing pethikan novel ngandhap menika:

> *"Kokkapakake, Kin, Mas Wim?" pitakone Naraindras mara-mara. Sajak mrina.*
> *"Dakkapakake?" wangsulane Kingkin groyok, raine saya mangar-mangar.*
> *"Lha kuwi dheweke klincutan! Aku krungu kowe nyentak-nyentak! Prekara apa?"*
> *"Ya kono, takonana, dakkapakake, wong wonge ya isih meger-meger ngono!" ujare Kingkin karo menyat terus lunga klepat, ninggalke aku.* (kaca 47)

Nalika Kingkinarti saweg sapatemon kaliyan Wimbadi dumadakan dumugi Naraindras lajeng pitaken kanthi semu nuduh lan srengen dhateng Kingkinarti, *"Kokkapakake, Kin, Mas Wim?".* Naraindras tumindak mekaten amargi mireng Kingkinarti nyentak anggenipun celathu kaliyan Wimbadi. Kingkinarti dipuntakeni mekaten mangsuli kanthi kesusu badhe kesah amargi boten remen dipundugeni Naraindras. Antawisipun kekalih menika sampun sami salah tampa, kados ingkang katrangaken wonten ing pethikan novel menika:

> *Naraindras ngingeti ulate mitrane. Terus nyawang aku. ...*
> *"Dheweke nesu?"*
> *"Embuh, ya."*
> *"Mas Wim ngomong bab apa, ta mau?"*
> *"Bab gunung kidul kae lan etan kae."*
> *"Omong bab kang tenanan?"*

> *"Iya. Priye, ta?"*
> *"Lo dheweke ki adate seneng guyon. Mula aku ya teka-teka terus ethok-ethok srengen, karepku ya srengen guyon," keterangane Naraindras.* (kaca 47)

Wonten ing pethikan nginggil dipunjlentrehaken katranganipun dening Naraindras, bilih tumindakipun celathu kanthi srengen menika sajatosipun namung ethok-ethok, amargi biasanipun Kingkinarti remen geguyon. Nanging dipuntanggepi beda dening Kingkinarti amargi piyambakipun sampun rumaos boten remen dipundugeni Naraindras. Wonten ing perkawis menika Wimbadi dados *pihak* ingkang *netral* amargi boten mangertos pawadan ingkang ndadosaken tiyang kekalih menika *debat*, nanging Wimbadi tetep ndherek mlebet wonten ing perkawis menika amargi ingkang njalari Naraindras celathu kanthi srengen awit Kingkinarti wicanten kaliyan Wimbadi kaliyan nyentak-nyentak. Salajengipun Naraindras ugi wicanten kaliyan Wimbadi, nakekaken perkawis ingkang sajatosipun, Naraindras ugi ngadharaken dhateng Wimbadi bab alesanipun celathu kanthi srengen dhateng Kingkinarti.

Sanesipun menika, perkawis anggenipun salah tampa ugi kedadosan nalika wonten *konflik perdebatan* antawisipun Wimbadi kaliyan Narwata

> *"Dheweke wong Surabaya, Mas," ujarku. "Ora duwe sanak pamili ing dhaerah Republik perjuwangan iki maneh. Aku wis tau dicritani dheweke sengaja ngulandara saparan-paran, ora pati-pati mulih yen Surabaya durung bebas saka cengkeremane penjajah."*
> *"Crita kepatriotan kaya mengkono ora perlu dicritakake ing kene, Wim. Ora bakal ngudhari karuwetane kene," ujare Narwata pedhes.*
> *"Aku ya mung kandha!" wangsulanku semu njengek jengkel.* (kaca 99)

Wonten ing *perdebatan* menika ngkang salah tampa inggih menika Narwata dhateng Wimbadi. Nalika Wimbadi ngandharaken ingkang dipunmangertosi dening piyambakipun ngengingi Dulmanan, malah dipunwastani nyariyosaken

bab kepatriotan dening Narwata, ingkang boten saged ngudhari ruwetipun pirembagan.

**d. Tuding-tinuding**

Tuding-tinuding menika salah satunggaling tindakan nuding dhateng tiyang sanes kangge nindakaken paken. Bab menika saged katindakaken amargi tiyang ingkang nuding menika boten sagah utawi boten saged tanggel jawab nampi paken lajeng nuding tiyang sanes kangge nindakaken paken menika. Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, paragatama ugi dipuncariyosaken nate ngalami tuding-tinuding wonten ing sawijining *perdebatan*, inggih menika antawisipun Wimbadi kaliyan Basuki. Pethikan novelipun mekaten:

> *"Sapa wani mbungkem?! Sapa wani mateni?! Mateni ateges nylametake wong samene saka lara edan!" ujare Ananta.*
> *"Wimbadi kon nembak wae, nganggo pistule iku!" usule Basuki.*
> *"Edan apa?!" wangsulanku. "Enyoh iki pistulku. Tembaken dhewe yen kowe wani!"*
> *Pistul dakbuwang ing tengah pasamuwan.* (kaca 104)

Wonten ing sawijining *perdebatan* Basuki nuduhi Wimbadi supados nembak Dulmanan migunakaken pistul gadhahanipun, nanging Wimbadi wangsul nuduh Basuki sarwa masrahaken pistulipun wonten satengahing pasamuwan. Kekalihipun sami tuding-tinuding amargi boten sagah nampi paken, boten kumawani mejahi Dulmanan kanthi cara nembak. Tiyang gesang menika kedah gadhah raos tanggel jawab, menawi piyambakipun boten purun katuduh kedahipun ugi boten perlu nuduh tiyang sanes.

**e. Srengen dhateng tiyang sanes**

Srengen menika wujud saking raos boten remen dhateng tiyang sanes ingkang saged katuduhaken kanthi tetembungan menapadene tindakan. Srengen

dhateng tiyang sanes wonten ing sesrawungan, saged njalari wontenipun *konflik sosial*. Saking asiling panaliten tumrap novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, kapanggihaken bilih wonten *konflik sosial* awujud padudon saha *penggertakan* ingkang gegayutan kaliyan tumindakipun paragatama sarta dipunsebabaken amargi srengen dhateng tiyang sanes.

Ingkang sepisan *konflik* padudon antawisipun Wimbadi kaliyan Ananta, kados wonten ing pethikan novel menika:

> *"Wim! Kowe ki priye, ta?! Tujune wae bakoh olehku nggujengi. Andhuka rak ngglundhung!" pambengoke Ananta nesoni aku, marga anggonku nyekeli tandhu mrucut.*
>
> *"Ssstt!! Aja seru-seru! Awake dhewe iki ora adoh saka dalan gedhe!" ana kanca sing nyaru.*
> *"La wong Wimbadi, kaya wong kaliren ngono nggone ngangkat!" Ananta tetep srengen.* (kaca 66)

Wonten ing perkawis menika Ananta srengen dhateng Wimbadi amargi piyambakipun boten leres anggenipun nyepengi tandhu kangge Dulmanan. Piyambakipun ngetingalaken raos anggenipun srengen kanthi nyuwara mbengok, sanajan sampun kaelingaken dening kanca sanesipun Ananta tetep srengen dhateng Wimbadi.

Beda malih nalika wonten ing *konflik* padudon ingkang katindakaken dening kanca pemudha pejuwang kalebet Wimbadi dhateng Kusman. Kados ingkang dipuncariyosaken wonten ing pethikan novel menika:

> *"Dul wiwit sambat-sambat maneh! Keprungu ka ngisor wit kluwih kana." Klonthang! Ananta mbuwang enthong sing arep dienggo njupuk sega. Ora ana sing alok liya. Kabeh meneng.Kusman lungguh karo nerusake kandhane, "Daktiliki nyang langgar, dheweke pancen wis sambat-sambat maneh. Dasiyun karo arek wedok kae wis iwut ngompres bathuke Dul."*

> *"Kena apa ndadak koktiliki barang?! Lan kena apa kokcritakake barang?!" sentake Narwata nepsu banget. "Ora ngenak-enaki wong mangan wae."*
> ..................................................................................................................
> *Wetengku ya terus krasa muneg-muneg. Aku mlayu metu terus blokekan mutah-mutah, marga kelingan ambune langgar. ...*
> *"Ngapura," ujarku njaluk ngapura.*
> *Kanca-kanca ora ngrewes.*

Nalika kanca pemudha pejuwang sami kempal kangge nedha sesarengan kalebet ugi Wimbadi, dumadakan dumugi Kusman ingkang celathu bab ingkang damel boten sekeca, sarta ndadosaken srengen Narwata. Bab menika dipunsekseni Wimbadi lan sanesipun, ugi ndadosaken Wimbadi ninggalaken papan nedha amargi badhe mutah. Wimbadi ingkang rumaos boten sekeca kaliyan kanca sanesipun lajeng nyuwun pangapunten amargi tumindakipun, mbokbilih ndadosaken kanca sanes ugi srengen dhateng piyambakipun, nanging kanca-kanca menika boten ngrewes.

**f. Raos penasaran**

Raos *penasaran* inggih menika raosipun tiyang ingkang sajak kepengin mangertos sanget dhateng satunggaling perkawis, saged ugi amargi rumaos boten marem sarta adreng badhe nindakaken menapa kemawon. Raos *penasaran* ingkang sanget menika saged nuwuhaken perkawis menapadene tumindak ingkang boten dipunkinten. Kados ingkang dipuncariyosaken wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, nalika paragatama Wimbadi wicanten kaliyan Basuki lajeng tuwuh *konflik kekerasan fisik* ingkang dipunsebabaken dening raos *penasaran* , mekaten pethikanipun:

> *"Bas! Kena apa kowe nyedhaki aku terus? pitakonku.*
> *"Aku seneng cedhak kowe, Wim. Rumangsaku anget, aman."*

*"Nanging kena apa kowe melu-melu nyauti gunemku prekara Kusman?"*
*"Lo, mongsok aku? Narwata sing lungguh cedhak cagak mau."*
*"Lan bab Kingkinarti. Kowe ngreti apa bab dheweke?"*
*Basuki ngingeti aku. ...*
*Aku ora sabar. Dheweke dakcandhak gulune, terus dakoyong-oyong!*
*"Kowe aja edan! Ayo, kandhaa, kowe ngreti apa?!" ujarku.*
*Basuki kaget.* (kaca 94)

Wimbadi gadhah raos *penasaran* tumrap tumindakipun Basuki ingkang tansah nyedhaki piyambakipun. Sareng angsal wangsulan saking Basuki, malah ndandosaken Wimbadi tambah *penasaran*, amargi Basuki menika kados mangertos wonten perkawis ingkang wadi sesambetanipun kaliyan kenya ingkang dipuntresnani dening Wimbadi. Raos *penasaran* ingkang sanget sarta boten sabar midhangetaken wangsulan saking Basuki ndadosaken Wimbadi *gelap mata* lajeng tanpa sadhar nyakiti Basuki kanthi ngoyong-oyong gulunipun.

**g. Kasetyanipun Kingkinarti**

Wonten ing gesangipun, manungsa menika kaparingan raos tresna dhateng tiyang sanes. Kanthi wontenipun raos tresna menika saged tuwuh ingkang naminipun kasetyan, inggih menika raos ingkang tansah mantep lan tumemen tumrap sedyanipun. Setya tuhu menika *sikap* ingkang sae, nanging ugi saged njalari *konflik*, kados ingkang dipunalami dening paragatama wonten ing pethikan novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* menika:

*"Dhik Kingkin. Bisa uga solahku iki main kayu. Bisa uga aku kasar! Nanging iku marga aku ora bisa ngecakake niyat. Niyatku tumama marang Dhik Kingkin, trusing ati. Wis pirang-pirang dina iki atiku kepranan banget.....!"*
*"Kayu ada apinya," panugele kenya iku kanthi tatag, pancerenge mripat panggah ora kendho. "Jangan main sama aku. Aku ada yang punya!"* (kaca 46)

*Konflik* ingkang tuwuh inggih menika *penolakan* dening ingkang dipuntindakaken Kingkinarti dhateng Wimbadi. Kingkinarti wani nulak pikajengipun Wimbadi ingkang tresna dhateng piyambakipun. Saking cariyos ing nginggil ugi kanthi tatag Kingkinarti mangsuli kanthi blaka *"Jangan main sama aku. Aku ada yang punya!"*, ingkang ngetingalaken raos kasetyanipun dhateng tiyang ingkang sampun langkung rumiyin nggadhahi Kingkinarti.

**h. Raos boten tega**

Minangka *makhluk sosial* ingkang tansah sesambetan kaliyan tiyang sanes, tiyang gesang menika kedah gadhah raos welas asih kangge njagi sesambetan ingkang sae. Tiyang ingkang gadhah raos welas asih boten badhe negakaken tiyang sanes nemahi susah sarta cilaka. Wontenipun sesambetan tiyang jaler lan estri ingkang tansah tresna ugi saged nuwuhaken raos welas asih utawi boten tega antawis kekalihipun. Mekaten ugi ingkang katindakaken dening paragatama Wimbadi dhateng paraga Kingkinarti wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. Bab menika katingal nalika kekalihipun nemahi *konflik penolakan*, kados wonten ing pethikan novel ngandhap menika:

> *"Kene, Mas, dakganti," ujare marang aku.*
> *"Aja! Aja kowe. Abot iki. Ngusapana kringete Dul wae. Ben wong lanang sing ngganti aku."*
> *"Abot ya ben, dakcobane," karepe Kingkin arep nekat.*
> *"Muspra, Dhik. Ora wurung baumu mengko sengkleh. Lan Dul ora bisa kepenak," ujarku.* (kaca 83)

Nalika Wimbadi ngayahi tugas kangge njagi Dulmanan lajeng dumugi Kingkinarti ingkang gadhah kekarepan kangge nggentosi ayahanipun Wimbadi, nanging Wimbadi nulak Kingkinarti menawi piyambakipun nggentosi ayahan

kangge njagi Dulmanan. Wimbadi minangka tiyang jaler, menapa malih piyambakipun ugi gadhah raos tresna dhateng Kingkinarti, boten badhe negakaken Kingkinarti dados susah menawi kedah ngayahi tugas ingkang awrat. Sanajan Wimbadi nulak pikajengipun Kingkinarti kangge nindakaken ayahan ingkang awrat, nanging Wimbadi ugi taksih tansah ngurmati Kingkinarti sarta sedyanipun kangge mbiyantu, kanthi paring ayahan sanes ingkang langkung entheng.

**i. Raos pakewuh**

Raos pakewuh inggih menika satunggaling raos boten sekeca dhateng tiyang sanes amargi perkawis tartamtu. Ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, wonten satunggaling perkawis ingkang dipunalami dening paragatama amargi tuwuhipun raos boten sekeca utawi pakewuh, ingkang katingal saking pethikanipun novel mekaten:

> *"Dakkancani, ya, Mas. Bèn ora ijen. Ora kesepen lan nemu kanca."*
> *"Mengko yen konangan wong kampung priye? Kene kampung santri, lo!"*
> *"La ya wis bèn, wong ora apa-apa wè, kok. Yen diterka sir-siran ya ora papa, ta, wong mung sir-siran."*
> *"Kampung kene keras ki, adate prekara sesrawungane jalu lan wanita," kandhaku tetep njaga kabecikane tata-cara masyarakat kidul Dringu kono.*
> *"Adat kene pancen ngono. Nanging aku lan panjenengan wong kutha sing wis kadhidhik sesrawungan bebas, rak iya kudu padha maklum."*
> (kaca 129)

Dipuncariyosaken Wimbadi, minangka paragatama menika nalika saweg lenggahan dipundugeni Naraindras ingkang gadhah kekarepan badhe ngancani Wimbadi supados boten kasepen, nanging bab menika nuwuhaken *konflik penolakan.* Naraindras dipuntolak dening Wimbadi kanthi alesan rumaos boten sekeca kaliyan warga kampung, amargi kampun menika kalebet kampung santri.

Sanajan sampun dipunparingi pitedah dening Wimbadi, Naraindras tetep ngeyel. Tiyang kados Naraindras menika ingkang boten gadhah raos pakewuh.

Tiyang gesang menika kedah gadhah raos pakewuh, amargi anggenipun gesang menika mbetahaken sesambetan kaliyan tiyang sanes wonten ing gesang sesrawungan. Pramila menawi mapan wonten satengahing masarakat menika kedah mangertos pranatan utawi tata-caranipun gesang masarakat menika.

**j. Raos kadheseg**

Raos kadheseg inggih menika raos kapojokaken dening tiyang sanes awit pitakenan-pitakenan ingkang katujokaken wonten ing sawijining pirembagan. Tiyang rumaos kadheseg saged amargi dipunsujana dening tiyang sanes, saged ugi amargi piyambakipun nyimpen wewadi. Saking asiling panaliten, paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kigul Dringu* ugi nemahi raos kadheseg nalika wicanten kaliyan paraga Naraindras, pethikanipun cariyos mekaten:

> *“.... Penguburane Dulmanan mau prasaku kok aneh banget! Apa bener jare Dulmanan dipateni kanca kene dhewe, iya, Mas?” ndremimil pitakone Naraindras.*
> *Saiki aku kaget tenan! Ora wurung wewadi iku bocor! Wewadi yen Dul Genuk dipistul kanca dhewe! Sapa sing mbocorake? Dasiyun dhewe? Dasiyun blaka marang arèkè? Saiki rekasa anggonku nutupi wadi. Aku kudu golek reka daya supaya Naraindras ora ngangseg aku.* (kaca 133)

Naraindras ingkang kepengin sanget mangertos ngengingi perkawis pejahipun Dulmanan ingkang sajatosipun wadi menika lajeng pitaken kanthi ndadra dhateng Wimbadi. Dene Wimbadi, ingkang sajatosipun ndherek nyimpen wewadi menika rumaos kadheseg dening pitakenanipun Naraindras, pramila piyambakipun anggenipun badhe mangsuli kedah mawi reka daya supados wewadi menika boten kabikak. Raos kadheseg ingkang dipunalami dening

Wimbadi nalika ngadhepi perkawis menika ingkang lajeng njalari wontenipun *konflik penggertakan* ingkang katindakaken dening Wimbadi dhateng Naraindras.

**k. Cubriya**

Cubriya inggih menika raos amargi boten pracaya dhateng satungggaling bab utawi dhateng tumindakipun tiyang sanes. Cubriya saged tuwuh amargi tiyang menika sampun mirsani utawi mireng satunggaling bab ingkang ganjil. Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* katemokaken satunggaling *konflik sosial* ingkang dipunsebabaken amargi cubriya inggih menika *konflik* ingkang dipunalami dening paragatama Wimbadi kaliyan paraga Pak Bakir. *Konflik*ipun inggih menika pameksan ingkang katindakaken dening Pak Bakir dhateng Wimbadi.

Wonten ing kahanan menika Wimbadi dipunpeksa blaka bab pejahipun Dulmanan, amargi Pak Bakir nyumerepi perkawis ingkang boten limrah sarta ndadosaken cubriya. Raos menika katingal saking pitakenanipun Pak Bakir mekaten: *"Nak Wim. Sampeyan blaka mawon. Pejahe Dulmanan niku dospundi?"*, dene perkawis ingkang boten limrah kaandharaken ugi dening Pak Bakir mekaten: *"Ningali kedadean-kedadean sabibare Dulmanan pejah, kula nginten yen Dulmanan mboten pejah sabaene. Cobi dipikir. Dasiyun bunuh dhiri. Kusman nginglung. Basuki kimat sakite...."*. Cubriya menika katujokaken dhateng Wimbadi, amargi piyambakipun kalebet kelompok pemudha pejuwang ingkang sesambetan kaliyan kedadosan pejahipun Dulmanan.

### 3. *Sikap*ipun Paragatama Nalika Ngadhepi *Konflik Sosial* wonten ing Novel *Kadurakan ing Kidul Dringu.*

Paraga, miturut Purwadi (2009: 134) gadhah kalenggahan utawi papan ingkang penting sanget wonten ing salebeting karya *sastra* amargi saben paraga menika kedah nindakaken lelampahanipun piyambak-piyambak kangge ngandharaken *tema* cariyos tumuju dhateng sasaran tartamtu. Pramila paraga wonten ing salebeting novel ugi dados satunggaling *unsur pokok* ingkang mujudaken lampahipun cariyos. Saben paraga wonten ing novel gadhah watak ingkang beda-beda, sanesipun menika antawisipun paraga setunggal kaliyan sanesipun gadhah sesambetan piyambak wonten ing sesrawungan. Bab menika ingkang samangke saged nuwuhaken *konflik*. *Sikap*ipun paraga, mliginipun paragatama anggenipun ngadhepi saben *konflik* menika kagambaraken dening panganggit liwat pacelathon antawisipun paragatama kaliyan paraga sanesipun ingkang dipungayutaken kaliyan prastawa-prastawa ingkang dipuncariyosaken. Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* paragatamanipun inggih menika Wimbadi, piyambakipun ngadhepi saben *konflik sosial* kanthi *sikap* ingkang beda-beda.

#### a. *Perdebatan*

Paragatama ngalami *konflik perdebatan* kaliyan sawetawis paraga wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, perkawis ingkang njalari wontenipun *perdebatan* sarta *sikap*ipun paragatama nalika ngadhepi *perdebatan* ugi beda-beda. Saking asiling panaliten, kapanggihaken bilih paragatama ngadhepi *konflik*

*perdebatan* menika kanthi *sikap* ingkang tetep ing pamanggih, nyuwun pangapunten, klincutan, mendel, mangsuli kanthi jengkel, boten sarujuk sarta nampik pamanggih.

1) Tetep ing pamanggih

Tiyang ingkang gadhah *sikap* tetep ing pamanggih menika ateges gadhah raos percaya dhiri sarta manah ingkang mantep nalika ngadhepi satunggaling perkawis. Tetep ing pamanggih menika satunggaling *sikap* ingkang *positif*, nanging amargi pamanggih saben tiyang beda setunggal kaliyan sanesipun, *sikap* tetep ing pamanggih wonten ing pirembagan saged njalari *konflik sosial perdebatan*. *Konflik* menika kawujud amargi tiyang sami rebut bener wonten ing pamanggihipun piyambak-piyambak. *Sikap* tetep ing pamanggih wonten ing *perdebatan* menika boten badhe ngrampungaken *konflik*, malah saged ndadosaken perkawis saya ndadra. Nalika wonten *konflik perdebatan* kaliyan Dulmanan saha Dasiyun, paragatama Wimbadi ngadhepi kanthi *sikap* tetep ing pamanggih amargi rumaos bilih menapa ingkang kaucapaken leres miturut piyambakipun.

2) Nyuwun pangapunten

Nyuwun pangapunten inggih menika salah satunggaling wujud *sikap* ingkang dipunketingalaken dhateng tiyang sanes nalika ngakeni bilih piyambakipun gadhah lepat sarta nyuwun supados dipunuwalaken saking paukuman. Tiyang ingkang nyuwun pangapunten nalika mangertos bilih piyambakipun lepat menika tindakan ingkang sae sarta *positif*. Menawi wonten ing sawijining *perdebatan* salah satunggaling paraga gadhah kakendelan kangge ngadhepi *konflik* kanthi nyuwun pangapunten menika saged ngleremaken *konflik*, utawi paling boten

perkawis ingkang wonten saged karampungaken kanthi sae. Wonten ing *perdebatan* kaliyan Kingkinarti, sareng Wimbadi sumerep polatanipun Kingkinarti ingkang boten sekeca, lajeng piyambakipun nyuwun pangapunten amargi rumaos lepat sampun damel Kingkinarti nesu.

3) Klincutan

Klincutan menika mujudaken *sikap* ingkang rumaos isin, rikuh, boten sekeca ing manah, rumaos asor amargi tumindakipun ingkang dipunsumerepi tiyang sanes. Tiyang nggadhahi *sikap* klincutan menika saged dipunsebabaken dening perkawis ingkang beda-beda. Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, paragatama mlebet wonten ing *konflik perdebatan*, ingkang sajatosipun paragatama menika sanes *pihak* ingkang gadhah perkara nanging *konflik* menika kedadosan amargi wonten sesambetanipun kaliyan paragatama. Sesambetanipun inggih menika kaliyan kalih para paraga ingkang gadhah *konflik*, pramila piyambakipun lajeng tumindak klincutan amargi nalika sesambetan kaliyan setunggal paraga inggih menika Kingkinarti dipunsumerepi dening paraga sanesipun inggih menika Naraindras.

4) Mendel

Mendel inggih menika *sikap* ingkang katuduhaken kanthi cara boten nyuwara utawi boten matur menapa-menapa, sarta boten nindakaken menapa-menapa. Nalika ngadhepi satunggaling *konflik sosial* mliginipun kados *konflik perdebatan*, *sikap* mendel patut katindakaken menawi tiyang ingkang sesambetan wonten ing *konflik* menika tetep kenceng sarta bakuh kangge mbelani pamanggihipun. Kados ingkang katindakaken dening paragatama Wimbadi nalika ngadhepi *konflik*

*perdebatan* kaliyan Ananta. Piyambakipun langsung mendel sasampunipun Ananta paring pamanggih, nanging wonten ing perkawis menika Wimbadi tumindak mekaten amargi lajeng menggalih pamanggihipun Ananta ingkang sajatosipun panci leres.

5) Mangsuli kanthi jengkel

Kangge ngadhepi satunggaling *konflik* perdebatan ingkang sejatosipun namung imbal wacana kangge rebut bener pamanggihipun piyambak-piyambak kedahipun kanthi cara ingkang prayogi. Menawi tiyang ingkang gadhah *konflik* menika dipunadhepi kanthi wangsulan, menapa malih dipunwangsuli kanthi raos jengkel menika kirang trep katindakaken. Bab menika saged ndadosaken perkawis sarta kahanan langkung ewed, nanging paragatama Wimbadi nalika ngadhepi *konflik perdebatan* kaliyan paraga Narwata ugi tumindak mekaten. Wimbadi mangsuli pamanggihipun Narwata kanthi jengkel amargi karepipun Wimbadi ndherek celathu wonten ing pirembagan namung badhe paring katrangan dhateng kanca-kanca, nanging dipuntanggepi beda dening Narwata. Narwata menika nganggep ingkang dipunaturaken Wimbadi menika boten penting sarta boten paring *solusi* kangge ngrampungaken perkawis.

6) Boten sarujuk

*Konflik perdebatan* ingkang kedadosan antawisipun paragatama Wimbadi kaliyan paraga Narwata amargi wontenipun beda pamanggih menika dipunadhepi paragatama kanthi *sikap* boten sarujuk. *Sikap* boten sarujuk menika boten namung waton, nanging kanthi alesan ingkang cetha. Wimbadi ugi boten nyarujuki pamanggihipun Narwata amargi karepipun Narwata menika cetha kaanggep

minangka karep ingkang edan-edanan. *Sikap* menika ugi dipunsengkuyung dening Basuki ingkang boten sarujuk ugi kaliyan pamanggihipun Narwata.

7) Nampik pamanggih

Satunggaling *konflik perdebatan* ingkang dipunalami dening paragatama Wimbadi kaliyan Basuki menika amargi tuding-tinuding kangge mejahi Dulmanan, kanca pemudha ingkang nandhang cilaka. *Perdebatan* menika dipunadhepi Wimbadi kanthi nampik pamanggihipun Basuki. Basuki ngadharaken pamanggihipun supados Wimbadi dipunpasrahi mejahi Dulmanan migunakaken pistul gadhahanipun, nanging pamanggih menika dipuntampik dening Wimbadi tanpa paring alesan menapa-menapa lajeng masrahaken pistulipun ing tengah pasamuwan.

**b. Padudon (*Pertengkaran*)**

Paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, inggih menika Wimbadi dipuncariyosaken nemahi *konflik* padudon kaliyan paraga Ananta sarta kaliyan kanca pemudha pejuwang. Wonten ing *konflik* padudon ingkang sesambetan kaliyan Ananta menika Wimbadi saged ngadhepi kanthi cara ingkang langkung prayogi inggih menika mangsuli nanging kanthi alon, dene nalika wonten padudon kaliyan kanca pemudha, Wimbadi lajeng mlayu medal.

1) Mangsuli kanthi alon

*Konflik* padudon ingkang sesambetan kaliyan Ananta menika kedadosan nalika kahanan saweg ewuh, inggih menika nalika Wimbadi, Ananta sareng kaliyan kanca pemudha nginggati papan serangan sinambi ngusung Dulmanan ingkang nemahi cilaka. Wonten ing kahanan mekaten Wimbadi saged mapanaken

dhirinipun kangge ngadhepi satunggaling perkawis. Tuwuhipun *konflik* menika amargi Ananta srengen dhateng Wimbadi ingkang boten leres anggenipun ndherek nyepeng usungan kangge Dulmanan, kamangka wonten ing perkawis menika kedahipun sedaya tansah gotong royong. Dipunsrengeni mekaten, Wimbadi ingkang sajatosipun sampun rumaos sayah namung mangsuli kanthi alon, boten kanthi emosi. Tumindak ingkang mekaten lajeng saged ngleremaken *konflik* sarta wusananipun Wimbadi saged dipungantosi dening kanca sanesipun kangge ndherek ngusung.

2) Mlayu Medal

Wonten malih *konflik* padudon ingkang dipunadhepi Wimbadi kaliyan kanca pemudha pejuwang, inggih menika Kusman, Ananta, Narwata, lan sanesipun. Wimbadi ngadhepi *konflik* menika kanthi mlayu medal saking papan kedadosanipun *konflik*, inggih menika dalemipun Mas Adi Waluya. Piyambakipun mlayu medal amargi mireng ingkang dipuncariyosaken dening Kusman, inggih menika bab ingkang boten sekeca kapirengaken. Bab menika ugi ingkang ndadosaken kanca sanesipun srengen dhateng Kusman. Kanthi mlayu medal menika ateges Wimbadi nginggati papan kedadosan, boten purun mirengaken celathune Kusman, sarta srengenipun kanca-kanca dhateng Kusman ingkang dados jalaran tuwuhipun padudon.

**c. *Kekerasan fisik***

*Kekerasan fisik* saged tuwuh dados satunggaling *konflik sosial* ingkang langkung ewed tinimbang *konflik sosial* sanesipun amargi karep utawi raos ingkang wonten ing batin boten namung kawujudaken mawi tetembungan

nanging ugi kasurung kangge nindakaken mawi *kontak fisik* utawi gegayutan kaliyan badan. Wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* paragatama Wimbadi dipuncariyosaken nemahi *konflik kekerasan fisik*. Wonten ing *konflik* menika Wimbadi ngadhepi kanthi *sikap*:

1) Cepengan marang Naraindras

Wonten ing *konflik* ingkang sesambetan kaliyan paraga Kingkinarti, paragatama Wimbadi minangka korban *kekerasan fisik*. Piyambakipun dipunjorogaken dening Kingkinarti dhateng Naraindras amargi Kingkinarti rumaos *cemburu* menawi Wimbadi wonten sesambetan caket kaliyan Naraindras. Wimbadi ngadhepi *kekerasan fisik* menika kanthi cepengan dhateng Naraindras. Wonten ing kahanan mekaten sinten kemawon, ingkang rumaos badhe dhawah mesthinipun ugi nindakaken menapa kemawon tanpa mikir perkawis utawi kahanan sanes, ngupaya supados boten ngantos dhawah. Bab menika ugi katindakaken dening Wimbadi minangka *respon* ingkang dumadakan, amargi piyambakipun kaget dhateng tumindakipun Kingkinarti, kamangka ingkang wonten ing jejeripun Wimbadi namung Naraindras, dados inggih namung kanthi cepengan dhateng Naraindras ingkang saged dipunupaya dening Wimbadi.

2) Boten sabar

Dene *kekerasan fisik* ingkang sesambetanipun kaliyan Basuki, Wimbadi piyambak ingkang nindakaken, inggih menika kanthi ngoyong-oyong gulunipun Basuki. *Kekerasan fisik* menika katindakaken dening Wimbadi ingkang boten sabar kangge mangertos wangsulanipun Basuki. *Konflik* menika kedadosan nalika Wimbadi saweg guneman kaliyan Basuki, lajeng perkawis ingkang dipunrembag

menika ndadosaken tuwuhipun raos *penasaran* tumrap Wimbadi ingkang lajeng duga-duga menapa ingkang dipunmangertosi dening Basuki ngengingi tumindakipun Wimbadi. Saking raos *penasaran* sarta duga-duga, piyambakipun ingkang boten sabar ngentosi wangsulanipun Basuki, lajeng dumadakan tumindak tanpa sadhar ngoyong-oyong gulunipun Wimbadi. *Sikap* ingkang boten sabaran menika sajatosipun kirang prayogi, menapa malih menawi ngadhepi satunggaling perkawis, *sikap* menika saged nyurung *emosi* dhateng pikiran ingkang tanpa sadhar, satemah ingkang lajeng katindakaken ugi tanpa dipunpenggalih.

**d. *Sindiran***

*Konflik sindiran* menika dipuntindakaken dening Kingkinarti dhateng Wimbadi amargi rumaos *cemburu* dhateng sesambetanipun Wimbadi kaliyan Naraindras. Kanthi *sindiran* menika Kingkinarti saged nuduhaken raos bilih piyambakipun tresna dhateng Wimbadi tanpa matur ingkang blaka, namung kanthi tetembungan ingkang boten ngadharaken kahanan sanyatanipun. Wimbadi ingkang mangertos *sindiran* menika minangka sasmita saking Kingkinarti, *sikap*ipun lajeng rumaos isin. Wimbadi ingkang nyimpen raos tresna dhateng Kingkinarti rumaos isin amargi tumindakipun ingkang tansah caket kaliyan Naraindras sampun damel Kingkinarti *cemburu*, sarta nengeri bilih Kingkinarti ugi nyimpen raos tresna dhateng piyambakipun.

**e. *Penolakan***

*Penolakan* dados salah satunggaling *konflik* ingkang dipunalami ugi dipuntindakaken dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. Paragatama Wimbadi nalika sesambetan kaliyan paraga Kingkinarti

ngalami *penolakan*, ugi nate nindakaken *penolakan*. Dene kaliyan paraga Naraindras, piyambakipun ingkang nindakaken *penolakan*. Anggenipun ngadhepi sedaya *konflik* menika, paragatama gadhah *sikap*:

1) Wani nyobi guneman

*Sikap*ipun paragatama ingkang wani nyobi guneman menika nalika piyambakipun ngadhepi *konflik penolakan* ingkang dipuntindakaken dening Kingkinarti. Wimbadi ingkang gadhah raos tresna dhateng Kingkinarti kumawani badhe ngandharaken sedyanipun dhateng Kingkinarti, nanging amargi Kingkinarti sampun dados gadhahipun tiyang sanes lajeng nolak pikajengipun Wimbadi. Limrahipun, tiyang ingkang sampun ngalami *penolakan* menika lajeng leren sarta boten gadhah kekarepan ingkang kumawani. Nanging beda kaliyan Wimbadi, sanajan dipuntolak Wimbadi gadhah *sikap* ingkang wani nyobi ngajak Kingkinarti kangge guneman malih bab pikajengipun. Bab menika katindakaken Wimbadi amargi raos tresnanipun, nanging awit kasetyanipun Kingkinarti dhateng tiyang sanes menika ugi damel Kingkinarti kanthi saestu nolak Wimbadi.

2) Boten marengaken Kingkinarti nggentosi ayahan

Boten namung ngalami *penolakan*, nanging Wimbadi ugi saged nindakaken *penolakan* dhateng paraga Kingkinarti. Wonten ing perkawis menika Kingkinarti gadhah sedya kangge nggentosi ayahanipun Wimbadi njagi Dulmanan ingkang nandhang cilaka, nanging bab menika dipuntolak dening Wimbadi amargi Wimbadi rumaos boten tega dhateng Kingkinarti. Kingkinarti ngalami *penolakan* menika tetep kepengin meksa mbiyantu ayahanipun Wimbadi, nanging Wimbadi ugi tetep boten marengaken Kingkinarti nggentosi ayahanipun. Wimbadi sanajan

nolak nanging saged njagi anggenipun gadhah *sikap* welas asih dhateng wanita, pramila *penolakan* menika katuduhaken dening Wimbadi boten kanthi wantah, piyambakipun tetep ngregani sedyanipun Kingkinarti kanthi nyuwun dhateng Kingkinarti supados mbiyantu Wimbadi ing pakaryan sanesipun.

3) Nyobi ngandhani

Sanesipun kaliyan paraga Kingkinarti, paragatama Wimbadi ugi nate nindakaken *penolakan* nalika sesambetan kaliyan paraga Naraindras. Piyambakipun nolak dipunkancani dening Naraindras nalika lenggah ijen, nanging Naraindras tetep meksa kepengin ngancani. Wimbadi ngadhepi perkawis menika kanthi *sikap* ingkang prasaja, sanajan ngemu pikajengan kangge nolak, piyambakipun kaliyan nyobi ngandhani Naraindras ngengingi tumindakipun ingkang kirang pantes. Wimbadi tumindak mekaten amargi piyambakipun kedah njagi tatanan ingkang sampun kapatrapaken wonten ing kampung pengungsi, sarta supados boten dados guneman tumrap tiyang sanes.

**f.** ***Penggertakan***

*Konflik penggertakan* dipunalami dening paragatama Wimbadi wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*. Wonten ing perkawis menika Wimbadi ngadhepi kanthi *sikap* nutupi raos welasipun. Wimbadi nindakaken *penggertakan* menika dhateng paraga Naraindras, amargi piyambakipun rumaos kadheseg dening pitakenan-pitakenanipun Naraindras. Ngadhepi perkawis menika sajatosipun Wimbadi ugi gadhah raos melas, nanging raos welasipun menika dipuntutupi, kanthi pikajeng Naraindras ajrih dhateng piyambakipun satemah boten badhe ndheseg malih. Naraindras pitaken bab ingkang sajatosipun wadi

tumrap Wimbadi sarta kanca-kanca pemudha, inggih menika ngengingi pejahipun Dulmanan. Amargi boten mangertos karepipun Wimbadi anggenipun nindakaken *penggertakan*, Naraindras ingkang kaget lajeng namung saged nangis.

**g. Pameksan**

*Konflik sosial* awujud pameksan dipuntindakaken dening paraga Pak Bakir dhateng paragatama Wimbadi. Pak Bakir tumindak mekaten amargi piyambakipun rumaos *curiga* dhateng Wimbadi gegayutanipun kaliyan pejahipun Dulmanan. Pak Bakir nyuwun dhateng Wimbadi supados nyariyosaken kanthi blaka kedadosan ingkang sanyatanipun. Pepanggihan kaliyan Pak Bakir menika dados perkawis tumrap Wimbadi. Wimbadi ngadhepi *konflik* menika kanthi *sikap* mbuletaken pacelathon, kanthi pikajeng samangke Pak Bakir boten nyuwun pirsa sarta boten *curiga* malih bab pejahipun Dulmanan ingkang sajatosipun wadi tumrap kelompok pemudha kalebet ugi Wimbadi. Wimbadi tumindak mekaten amargi rumaos gadhah tanggel jawab kangge nyimpen wewadi, sanajan ngantos kedah ngalami pameksan.

*Sikap-sikap* ingkang katuduhaken dening paragatama menika beda-beda nalika ngadhepi *konflik*, saking *konflik perdebatan*, padudon, *kekerasan fisik*, *sindiran*, *penolakan*, *penggertakan*, sarta pameksan. Bab menika gumantung kahanan ingkang dipunraosaken, sarta gumantung kaliyan paraga sanes ingkang sesambetan wonten ing *konflik sosial*. Menawi dipungayutaken kaliyan prastawa-prastawa ingkang kedadosan sarta dipunalami piyambak dening paragatama, katingal bilih sajatosipun Wimbadi minangka paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* dipungambaraken gadhah watak ingkang sae dening

panganggit, namung amargi sesambetan kaliyan sawetawis paraga ingkang gadhah watak sarta *sikap* ingkang beda kaliyan paragatama, pramila pargatama ugi gadhah *sikap* ingkang beda nalika ngadhepi paraga sanes wonten ing salebeting *konflik*. *Konflik sosial* ingkang kalebet perkawis *sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kalebet wosing *karya sastra*. *Konflik* minangka unsur pambangun *karya sastra* ndadosaken lampahaning cariyos langkung ngresepaken.

# BAB V
# PANUTUP

## A. Dudutan

Dudutan saking asiling panaliten saha pirembagan ngengingi *konflik sosial* mliginipun ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*, inggih menika ing perangan wujud *konflik sosial*, perkawis ingkang njalari *konflik sosial*, sarta *sikap*ipun paragatama nalika nglampahi *konflik sosial*. Dudutanipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika:

1. Wujud *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* inggih menika *perdebatan,* padudon (*pertengkaran*), *kekerasan fisik*, *sindiran*, *penolakan*, *penggertakan*, saha pameksan.
2. Perkawis ingkang njalari *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* inggih menika beda pamanggih, *cemburu*, salah tampa, tuding-tinuding, srengen dhateng tiyang sanes, raos *penasaran*, kasetyanipun Kingkinarti, raos boten tega, raos pakewuh, raos kadheseg, saha raos cubriya.
3. *Sikap*ipun paragatama nalika nglampahi *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* inggih menika tetep ing pamanggih, nyuwun pangapunten, klincutan, mendel, mangsuli kanthi jengkel, boten sarujuk, nampik pamanggih, mangsuli kanthi alon, mlayu medal, boten sabar, rumaos isin, wani nyobi guneman, nyobi ngandhani, nutupi raos welasipun, saha mbuletaken pacelathon. *Sikap*ipun paragatama anggenipun ngadhepi *konflik*

*sosial* menika gumantung kaliyan kahanan saha *sikap*ipun paraga sanes ingkang kalebet ing *konflik*.

Perkawis ing masarakat inggih menika *konflik sosial* wonten ing novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* kalebet wosing karya sastra. *Konflik* minangka unsur pambangun karya sastra ndadosaken lampahaning cariyos langkung ngresepaken.

## B. Pamrayogi

Panaliten ingkang katindakaken tumrap novel *Kadurakan ing Kidul Dringu* menika winates ing bab wujud *konflik sosial*, perkawis ingkang njalari *konflik sosial*, sarta *sikap*ipun paragatama nalika nglampahi *konflik sosial*. Bab menika saged dipunginakaken dening panaliti sanes minangka kalodhangan kangge nliti perangan sanesipun ingkang dereng karembag wonen ing panaliten menika. Panaliten salajengipun prayogi migunakaken *pendekatan* ingkang beda kadosta *psikologi sastra* menapadene *kritik sastra* kangge nliti novel *Kadurakan ing Kidul Dringu*.

## C. Implikasi

*Implikasi* saking panaliten menika inggih menika saged dipunginakaken minangka bahan kangge ngecakaken *teori sastra* saha *analisis sastra*. Panaliten menika ugi saged dados pancadan kangge panaliten *sastra* salajengipun.

# KAPUSTAKAN


Brata, Suparto. 2012. *Kadurakan ing Kidul Dringu.* Yogyakarta: Narasi.

Damono, Sapardi Djoko. 1979. *Sosiologi sastra-Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Depdikbud.

Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sosiologi sastra.* Yogyakarta: CAPS.

Fananie, Zainuddin. 2000. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.

Lestari, Melin Indah. 2013. *Konflik Sosial* wonten ing Cerbung Kidung Sukma Larasing Jiwa Anggitanipun Ardini Pangastuti BN Kapacak wonten ing Kalawarti Djaka Lodang Edisi 4 Februari – 28 Juli 2012. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Luxemburg, Jan Van, dkk. 1984. *Pengantar Ilmu Sastra*. Diterjemahkan dalam bahasa Indonesia oleh Dick Hartoko. Jakarta: Gramedia.

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Purwadi. 2009. *Pengkajian Sastra Jawa*. Yogyakarta: Pura Pustaka.

Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.

Semi, Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.

Wardah, Fania. 2013. *Konflik Sosial* wonten ing Novel Sanja Sangu Trebela Anggitanipun Peni. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Wellek, Rene & Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama (diindonesiakan oleh Melani Budianta).

Wiyatmi. 2013. *Sosiologi sastra – Teori dan Kajian terhadap Sastra Indonesia.* Yogyakarta: Kanwa Publisher.

# LAMPIRAN

***Lampiran 1***

**Ringkesan Novel "*Kadurakan ing Kidul Dringu*"**

Wimbadi, pemudha saking Sala ingkang nyambut damel wonten ing Probolinggo, miwiti perjuanganipun nalika penjajah Walanda dumugi kangge nguwasani desa Dringu, desa papan dalem dhinese Mas Pandam ingkang dipunpondhoki dening Wimbadi. Wontenipun penjajah menika njalari Wimbadi kaliyan Mas Pandam mlajar mangidul kangge pados papan ingkang aman, nanging dereng dumugi papan ingkang katuju Mas Pandam tiwas amargi mustakane kenging peluru nyasar. Wimbadi ingkang tetep kepengin slamet nerasaken mlajar dhateng desa kidul Dringu, sanajan rumaos duraka awit nilar jisimipun Mas Pandam.

Ing desa kidul Dringu menika Wimbadi mapan wonten ing langgar sareng kaliyan para pemudha ingkang ugi ngungsi wonten ing ngriku. Dinten sepisan tiyang-tiyang kampung dipunbiyantu para pemudha madosi jisime kurban ingkang kesingsal kangge dipunreksa lajeng disarekakaken. Kalebet ugi jisime Mas Pandam, wusanane saged dipunsarekakaken wonten ing desa kidul Dringu. Bab menika dados penggalihe Wimbadi, badhe wangsul dhateng Sala menapa tetep wonten desa kidul Dringu kangge nengga sareanipun Mas Pandam.

Tigang dinten wonten ing desa kidul Dringu kanthi diopeni tiyang-tiyang kampung ndadosaken ayeme Wimbadi. Menapa malih lajeng kepanggih kaliyan Dulmanan, pengungsi ingkang namung ijen wonten ing pengungsen nanging tetep sedya badhe nglawan penjajah. Kempal kaliyan nem-neman wonten ing pengungsen menika nuwuhaken greget saha kekiyatan anyar kangge nglawan penjajah sanajan kanthi gaman ingkang cumpen. Dulmanan, ingkang sejatosipun kalebet prajurit pejuwang Indonesia, cepenganipun gaman bedhil, pramila saged mbiyantu kanca nem-neman ajar mbedhil.

Sawijining sonten Wimbadi kaliyan kanca, Martimbang saha Martimbul, sedherek kalih ingkang kembar, nyobi nglimpe prajurit Walanda dhateng Dringu kanthi niyat tuwi dalem dhinese Mas Pandam. Boten dinyana Wimbadi lan kancanipun menika nyumerepi tiyang-tiyang saweg buron, lajeng adu tembak

nginakaken pistul. Kurban sampun sempoyongan, pistulipun kaleresan dhawah caket papan ndhelike Wimbadi, kanthi karep Wimbadi mlangkah kangge mendhet pistul menika dados gadhahanipun. Saksampunipun kedadosan menika, naminipun Wimbadi radi kajen.

Wonten ing sanes wekdal nalika Wimbadi saweg thenguk-thenguk ing caket papan sareanipun Mas Pandam, dumadakan liwat kaliyan aruh-aruh inggih menika kenya kalih aran Naraindras sarta Kingkinarti. Menika pepanggihan ingkang sepisan ingkang tansah adu arep kaliyan Kingkinarti, nanging lajeng ndadosaken tuwuhipun raos remen ing manah. Saben-saben diajak guneman Kingkinarti anggenipun mangsuli kanthi ngdhingkluk isin. Tiyang ngarani isin menika isi. Wimbadi saking anggenipun kesengsem kaliyan Kingkinarti ngantos dados pitaken dening Dasiyun, kanca raketipun. Awit saking menika Wimbadi kepeksa blaka dhateng Dasiyun bab Kingkinarti, jebul Dasiyun sarujuk kaliyan krentegipun Wimbadi. Saking kedadosan menika, Wimbadi langkung raket kekancan kaliyan Dasiyun amargi saged diajak guneman bab Kingkinarti. Pinten-pinten dinten ingkang tansah dados pikiran inggih namung Kingkinarti.

Wimbadi lajeng ngrancang kangge sapatemon ijen kaliyan Kingkinarti, nanging nalika sampun dumugi wekdalipun, Kingkinarti malah nulak niyatipun Wimbadi ingkang trusing ati. Sanajan Wimbadi nyobi guneman malih ngrembag pikajengipun, Kingkinarti tetep nulak kanthi alesan bilih piyambakipun sampun dados gadhaipun tiyang sanes. Saking kedadosan menika Wimbadi cariyos malih kaliyan Dasiyun, saking ngriku Dasiyun paring pamrayogi supados migunakaken layang kemawon.  Layang dipunserat, lajeng katitipaken dhateng Dasiyun kangge dipunparingaken Kingkinarti.

Manahipun Wimbadi saya kisruh, mekaten ugi kahananipun kutha Probolinggo ingkang sampun dijegi dening Walanda. Bab menika dados nuwuhaken kekiyatanipun para pemudha kangge ngawontenaken serangan sanajan kanthi gaman ingkang sarwa cumpen. Pemudha-pemudha desa, kalebet Wimbadi lajeng ngawontenaken serangan gerilya. Karepipun para pemudha menika mrepegi penjagan Landa ing sangandhaping menara-air, nanging ingkang kliru, grombolan menika liwat satengahing kebon tebu ingkang rungkut.

Kamangka papan ingkang kados mekaten mesthi sampun dados inceraning tentara Walanda. Leres kemawon, sanalika patebonan menika kasorot lampu saking penjagan Walanda. Mas Adi Waluya minangka ketua regu lajeng mrentah anggota sanesipun supados mundur. Dumadakan swaranipun mimis saya kerep tumuju dhateng patebonan. Anggota ingkang dereng saged mundur kepeksa kedah ndhelik rumiyin. Saking sadangunipun serangan menika, wusananipun kelompok pemudha menika wangsul dhateng desa pangungsen, kanthi ngusung tandhu tumrap Dulmanan ingkang nemahi cilaka kenging tembak tentara Walanda.

Dulmanan dipunpapanaken wonten ing langgar ingkang kangge panggenan kempal sarta ngaso tumrap para pemudha. Nalika semanten kahananipun Dulmanan boten sadhar, nanging tansah ngereng-ereng ngraosaken sakit. Sareng dipuntingali bekas tembak wonten ing weteng, pelurunipun ugi tasih wonten ing lebetipun. Kamituwa lajeng sagah madosaken dhukun saking Sebaung benjang enjang. Dalu sepisanan menika para pemudha ngaso wonten ing nglebet langgar kanthi tansah kepireng swanten gereng-gerengipun Dulmanan. Wonten ingkang wiwit boten sekeca kaliyan kahanan ingkang dangu-dangu nyiksa, lajeng sami boten saged tilem. Namung Dasiyun ingkang taksih setya nengga lan ngopeni Dulmanan. Wimbadi ingang mangertos kahanan menika lajeng nawani Dasiyun supados ngaso sarta gentosan anggenipun njagi Dulmanan, nanging Dasiyun boten mangsuli.

Sampun enjang sedaya medal saking langgar, kalebet Wimbadi. Piyambakipun lajeng mikiraken kangge pados papan panginepan, amargi piyambakipun boten krasan kempal wonten langgar. Wimbadi lajeng kesah dhateng dalemipun Pak Guru Bakir. Ing ngriku wonten kamar kosong, saengga Wimbadi saged mondhok wonten dalemipun Pak Bakir, anggenipun mondhok sareng Basuki. Kanca pemudha sanesipun ugi ing wusananipun sami ndherek pados pondhokan amargi sampun boten kiyat menawi kedah manggen sareng kaliyan Dulmanan ingkang tansah sesambat. Ing wekdal menika Wimbadi kedah mbalik wonten langgar kangge ngukudi barang-barangipun, nanging dereng dumugi langgar kemawon swantenipun Dulmanan sampun kepireng.

Wonten ing nglebet langgar nalika badhe ngusungi barang-barang Wimbadi sumerep Dasiyun ingkang boten owah, taksih wonteng langgar sarta tetep njagi Dulmanan, lajeng tuwuh raos boten tega ing batinipun Wimbadi. Pramila piyambakipun lajeng nggentosi Dasiyun kanthi nyandhak gegere Dulmanan. Dangu anggenipun Wimbadi mapah gegere Dulmanan jebul rekasa sarta abot, piyambakipun dados mangertos kadospundi susahe Dasiyun, kamangka saking sakawit Dasiyun boten dipungentosi anggenipun njagi Dulmanan. Wasana Dasiyun dumugi. Piyambakipun ngajak Kingkinarti. Bab menika ndadosaken Wimbadi tratapan, sarta pikiranipun boten karuwan, amargi saderengipun serangan semanten Wimbadi nembe ngintu layang kangge Kingkinarti.

Kingkinarti dumugi boten namung badhe tuwi kemawon, nanging sajak badhe ndherek mbiyantu ngrawat. Dasiyun ugi enggal nggentosi malih ayahanipun Wimbadi mapah gegere Dulmanan. Dasiyun pancen seje kaliyan kanca-kanca sanesipun, ingkang malah semburat medal saking langgar, nginggati swara ngereng-erenge Dulmanan ingkang sesambat. Sareng sampun jam 10 enjang, dhukun ingkang dipunjanjekakaken pak Kamituwa rawuh. Lajeng tiyang-tiyang sami nglumpuk wonten ngajeng langgar, ngentosi asilipun dipriksa. Saksampunipun dipunpriksa, pak dhukun ngendika bilih piyambakipun boten sanggup nambani amargi pelurune taksih wonten padharan. Pak Kamituwa lajeng namung nyuwun dipunpadosaken jampi-jampi supados radi suda anggenipun sesambat.

Dangu wonten ing nglebet langgar, lajeng nalika dipungentosi dening Dasiyun, Wimbadi langsung mlajar dhateng njawi langgar awit padharanipun sampun krasa muneg-muneg badhe mutah. Dereng ngantos Wimbadi munggah malih dhateng langgar, dumadakan kasusul dening Kingkinarti terus mutah-mutah. Saksampunipun sami maspadakaken kahananipun Dul sekedhap, lajeng sami medal. Pak Dhukun paring pamrayogi supados dipunpadosaken dhokter. Lebar bedhug, saksampunipun dhahar Pak Dhukun lajeng kondur. Jam setunggal Wimbadi kaliyan kanca-kanca lajeng badhe nedha. Anggenipun sami nedha sakmenika mapan wonten ing dalemipun Mas Adi Waluya, amargi nebih saking ambon-ambon ingkang ndadosaken kahanan boten sekeca, menapa malih kangge

nedha. Dereng saestu anggenipun sami muluk sega, dumadakan Kusman krasa badhe seni, piyambakipun lajeng mlayu medal. Kanca sanesipun saestunipun sami ngentosi Kusman wangsul saking pakiwan, nanging Kusman kirang maspadakaken kahananipun kanca-kanca, piyambakipun mlebet malah cariyos ngengingi kahananipun Dulmanan ingkang wiwit sesambat malih. Kanca-kanca sami mendel, Ananta kaliyan Narwata ingkang sajak katingal nesu sanget, dene Wimbadi lajeng mlayu medal, amargi piyambakipun kelingan ambune langgar ingkang damel weteng muneg-muneg kepengin mutah. Lajeng kanca-kanca ugi saestunipun ndherek medal, boten saestu nedha.

Ngantos sonten, tiyang-tiyang boten leren-leren sami nglumpuk wonten ing ngajeng langgar saperlu kepengin mireng warta anyar bab Dulmanan, nanging ingkang kepireng estunipun inggih namung swara sesambate Dulmanan ingkang ngengiris ati. Suwara ingkang ngantos dumugi ing urat saraf. Siksan ingkang kados mekaten saged damel tiyang waras ingkang tansah mireng dados edan. Sajatosipun nalika semanten sedaya sampun boten waras. Kusman sakit anyang-anyangen, Ananta pijer nesu-nesu, Basuki seneng bisik-bisik sarta badanipun adhem boten sekeca, Wimbadi muneg-muneg badhe mutah, Narwata dados sregep nyedhaki langgar tanpa alasan ingkang cetha. Sedaya gadhah polah ingkang aneh, boten kados adat saben. Sareng srengenge surup, Wimbadi kaliyan kanca-kanca nyobi nedha sareng ing dalemipun Mas Adi Waluya, nanging kraos swasananipun sakmenika tintrim, lesu, anggenipun sami nedha namung sakedhik.

Saksampunipun sami rampung nedha, Mas Adi ngajak rembugan. Ingkang sepisan ngrembag bab piket jaga ing ngajeng langgar, sami sarujuk bilih anggenipun jaga gentosan sakjam-sakjam. Wiwitane dikira bab piket menika beres, nanging pranyata ingkang sami tilem ing dalemipun Mas Adi rumaos boten kepenak, boten kados menawi wonten langgar. Anggenipun mapan tilem sami klisikan, dangu-dangu mbaka setunggal sami medal, namung kantun Wimbadi kaliyan Basuki. Tiyang kekalih menika lajeng guneman ngengingi kathah perkawis. Sareng cekap anggenipun guneman, Wimbadi medal, nyusul kanca-kanca ingkang sami wonten ngajeng langgar, lajeng nginguk nglebet langgar,

marani Dasiyun. Dasiyun diajak guneman nanging boten mangsuli, wusananipun Wimbadi kesah.

Jam 12 ndalu sedaya sami mlebet langgar, Wimbadi kaliyan kanca-kanca dipunpeksa mirengaken suwara sesambate Dulmanan. Ngantos sakjam, Wimbadi tetep boten saged tilem, lajeng jam 1 Wimbadi medal mutah-mutah, kasusul dening Kusman bucal, sareng jam 3 Ananta mbengok, boten kiyat ngadhepi kahanan ingkang boten sekeca. Kanca-kanca sanes lajeng digugah, dipunajak rembugan kadospundi perkawis menika saged enggal rampung. Basuki usul supados pados dhokter, nanging boten sami sarujuk amargi angel manggih dhokter ing wekdal penjajahan kados mekaten. Kanca-kanca ugi gadhah pamanggih piyambak-piyambak, bab menika ndadosaken pirembagan dereng tumuju dhateng mupakat, malah namung sami dhebat. Amargi sami adreng piyambak, Ananta lajeng bengok-bengok paring pamawas supados mejahi Dulmanan piyambak, nanging malah sami tuduh-tinuduh sinten ingkang badhe mejahi. Sedaya adreng nanging lajeng mupakat bilih Dulmanan dipunpungkasi nyawane kanthi ditembak, ingkang nembak dipuntemtokaken kanthi cara lotre. Saderengipun dilotre sedaya tiyang ingkang kalebet ing kelompok pemudha pejuwang menika kapendhet sumpahipun kanthi paring tandha tangan ing teks sumpah. Sareng sampun sami nyepeng gulungan kertas lotre piyambak-piyambak, sami dipunbikak, lan ingkang kadhawahan nindakaken ayahan inggih menika Dasiyun. Kanthi sesenggrukan lajeng Dasiyun diajari migunakaken pistul, amargi ing enjang mangke Dasiyun kedah sampun nglunasi jiwanipun Dulmanan. Tindakan menika kedah dipundamel wewadi tumrap tiyang sanga ingkang kalebet ing kelompok pemudha pejuwang. Nalika Dasiyun nindakaken ayahanipun, kanca-kanca sanes sampun langkung rumiyin medal saking langgar amargi boten tega nyekseni kedadosan menika. Dulmanan tiwas.

Wonten ing swasana penguburan jisimipun Dulmanan, katingal Naraindras kaliyan Kingkinarti ngancani Dasiyun ingkang taksih sesenggrukan ing sangajenging kuburane Dulmanan. Saksampunipun penguburan menika Wimbadi taksih menggalih kathah bab, mliginipun bab asmara, kadospundi nasib raos tresnanipunn dhateng Kingkinarti, kenging menapa boten wonten tanggepan utawi

wangsulan saking Kingkinarti, Wimbadi tansah duga-duga. Anggenipun menggalih sedaya menika sinambi thenguk-thenguk wonten ing pinggir jaratan. Dumadakan piyambakipun dipundugeni Naraindras, ingkang kepengin ngancani Wimbadi ingkang saweg ijen, nanging bab menika dipuntulak dening Wimbadi, amargi piyambakipun boten sekeca kaliyan warga dhusun kidul Dringu, mbokmenawi dipunterka sir-siran. Sampun dipuntulak dening Wimbadi, nanging Naraindras tetep lungguh cedhak Wimbadi lajeng wiwit guneman. Guneman menika tanpa sengaja lajeng tumuju ngrembag bab penguburane Dulmanan ingkang dirasa ganjil dening Naraindras. Wimbadi ingkang kaget sampun meh mbukak wadi lajeng ngupaya supados Naraindras boten ndheseg piyambakipun kanthi pitakenan-pitakenan bab Dulmanan. Sanalika Wimbadi mangsuli kanthi nyentak, boten dinyana Naraindras kaget lajeng nangis sarta ninggalaken Wimbadi kanthi ulat mbesengut. Naraindras sampun salah tampa lan nginten menawi Wimbadi nggetak menika amargi srengen dhateng piyambakipun.

Nalika nedha ing wayah sonten, ingkang biasanipun kempal tiyang sedasa, ing wekdal menika namung Wimbadi dipun kancani Martimbang lan Martimbul, nanging tiyang kalih menika namung mendel kemawon. Sareng ndalu, Dasiyun dumugi ing pondhokanipun Pak Bakir ndhudhahi barang-barangipun lajeng celathu bilih piyambakipun kepengin ngawontenaken pembalasan dhateng tentara Landa, pramila nalika Dasiyun nyuwun supados piyambakipun nyepeng pistule Wimbadi ugi dipunkeparengaken dening Wimbadi. Boten nate kepikir dening Wimbadi, enjangipun nalika tangi, Dasiyun sampun boten wonten ing papanipun. Wimbadi namung kepanggih kaliyan Basuki, ingkang taksih tilem amargi badanipun kraos panas sanget, celathune Basuki piyambakipun kimat kenging penyakit malaria.

Sareng sampun siyang, Wimbadi kepanggih kaliyan Martimbang lan Martimbul ingkang taksih setya kempal kangge nedha sareng. Martimbang celathu bilih piyambakipun sumerep Kusman klinteran ing pinggir kali kanthi cangkem ingkang ndremimil. Sasampunipun nedha, kados adat saben Wimbadi thenguk-thenguk ing cedhak sarean, dumadakan mireng suwara mbledhose pistul. Wimbadi ugi sumerep tiyang-tiyang sami mlayu marani langgar, lajeng

piyambakipun ugi enggal mara. Wonten ing ngajeng langgar, Dasiyun sampun gumlethak boten obah, pilinganipun gubras getih, sarta pistul gadhahipun Wimbadi gumlethak ing cedhakipun. Dasiyun tiwas amargi bunuh dhiri.

Saksampunipun kathah kedadosan ingkang dipunraosaken ganjil, Pak Bakir ingkang dipunpondhoki dening Wimbadi lajeng pitaken dhateng Wimbadi ngengingi perkawis ingkang sajatosipun. Pak Bakir menggalih kedadosan sabibaripun Dulmanan pejah, Dasiyun bunuh dhiri, Basuki kimat sakite, sarta Kusman nglinglung. Boten namung menika, Pak Bakir ugi mireng warta bilih Narwata pejah ing Margalawon amargi duel kaliyan Landi, dene Ananta kacepeng tentara Landi. Kanca-kanca ingkang taksih waras inggih namung Martimbang lan Martimbul.

Wimbadi rumaos bilih tumindak merjaya Dulmanan ingkang tanpa dosa menika panci tumindak ingkang duraka. Bab menika terus dipunpenggalih dening Wimbadi, piyambakipun ngantos boten saged tilem, manahipun miris. Wasana nalika wayah enjang, Wimbadi lajeng natani barang-barangipun, kesah ninggalaken dhusun kidul Dringu tanpa pamit. Piyambakipun rumaos duraka lan licik budhal saking dhusun mriku.

Salajengipun Wimbadi nglampahi gesang wonten Sala. Ing sawijining sonten dumadakan Wimbadi sumerep Kingkinarti ingkang saweg linggihan wonten ngajeng griya, nalika dipunparani piyambakipun malah mlebet griya. Wusananipun Wimbadi namung kepanggih kaliyan sedherekipun Kingkinarti ingkang nami Lilik Handayani. Piyambakipun nggenahaken bilih ingkang dipunsumerepi leres Kingkinarti, kenya ingkang dipuntresnani nalika wonten ing dhusun Kidul Dringu. Dinten sepisanan Wimbadi namung saged titip layang dhateng Lilik, dinten ingkang kaping kalihipun nalika Wimbadi dhateng ing griyanipun Kingkinarti ingkang manggihi ugi namung Lilik. Sepisan malih Wimbadi titip layang dhateng Lilik. Sareng sampun kaping gangsal Wimbadi mara ing griya menika, Kingkinarti nembe purun sapatemon ijen kaliyan Wimbadi, tanpa Lilik.

